**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**Қол жазба ҳуқықында**
**УДК: 338 : 91**

**Худаяров Ғуломжон Тажимуратовичтиң**

**Тема: Аўыллық орынлардың социал-экономикалық раўажланыўының географиялық машқалалары (қарақалпақстан республикасы мысалында)**

**5А440501-«Экономикалық ҳәм социаллық география»**

**МАГИСТРИ**
**академиялық дәрежесин алыў ушын жазылған**

***Д И С С Е Р Т А Ц И Я***

**Илимий басшы __________ г.и.к., доц. Г.А.ХОДЖАЕВА**

**География кафедрасында көрип шығылды ҳәм жақлаўға жиберилди**
**«____»__________ 2011 ж.**

**Кафедра баслығы**
**_________ доц.Г.Ходжаева**

**НӨКИС-2011**

## МАЗМУНЫ


| | | |
|---|---|---|
| | **КИРИСИЎ** | 3 |
| **I БАП.** | **АЎЫЛЛЫҚ ОРЫНЛАР ГЕОГРАФИЯСЫ ҲӘМ ОНЫ ҮЙРЕНИЎ** | 8 |
| **I.1.** | **Аўыллық орынлар ҳаққында түсиник** | 8 |
| **I.2.** | **Аўыллық орынлардың классификациясы** | 14 |
| **II БАП** | **АЎЫЛЛЫҚ ОРЫНЛАР ДЕМОГРАФИЯСЫ** | 21 |
| **III БАП** | **ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ АЎЫЛЛЫҚ ОРЫНЛАРЫНЫҢ ХАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫНА СЫПАТЛАМА** | 31 |
| **III.1.** | **Қарақалпақстан Республикасының аўыл хожалығы тараўларының жайласыўы ҳәм раўажланыўы** | 31 |
| **III.2.** | **Аўыллық орынлардың өндириўши күшлерин раўажландырыўды жеделлестириў ҳәм экономикалық районлардың хожалық структурасын оптимизациялаў машқалалары** | 44 |
| **IV БАП** | **АЎЫЛЛЫҚ ОРЫНЛАРДА СОЦИАЛЛЫҚ ИНФРАСТРУКТУРАНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ** | 57 |
| **IV.1.** | **Аўыллық орынлардағы билимлендириў системасының аймақлық дүзилиси ҳәм раўажланыў дәрежеси** | 57 |
| **IV.2.** | **Аўыллық орынлардағы ден саўлықты сақлаў системасы географиясы** | 61 |
| **IV.3.** | **Аўыллық орынларда инфраструктура тармақларының аймақлық шөлкемлестирилиўи** | 65 |
| | **ЖУЎМАҚЛАЎ** | 69 |
| | **ӨМИР ҚӘЎИПСИЗЛИГИ** | 71 |
| | **ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР** | 75 |

# КИРИСИЎ

***Теманың актуаллығы:*** Жәмийетимиздиң барлық тараўларындағы жүз берип атырған қубылыслар барлық тараўларда да бир қатар машқалаларды пайда етип, олар терең үйренилиўди талап етеди.

Республикамыздың экономикалық сиясатында ҳәр бир регионның социал-экономикалық жағдайын, халықтың турмыс дәрежесин жақсылаў, оны социаллық қорғаў мәселелелри әҳмийетли рол ийелейди. Бул ислерди әмелге асырыў ҳәм олар менен байланыслы машқалаларды шешиў мәмлекет басшыларының дыққат орайында турыпты.

Президентимиз И.А.Каримов өзиниң 2010 жылы 27-январь күнги Олий Мәжилистиң мәжилисинде шығып сөйлеген сөзинде «Мазмун-мәнисине бола, социаллық-экономикалық, жәмийетлик-сиясий реформаларды, биз таңлаған мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысы моделин енгизиў процессинде пуқаралардың елди басқарыўдағы ролин арттырып барыўды тийкарғы орынға қоятуғын «Күшли мәмлекеттен-күшли пуқаралық жәмийетке қарай» бағдарламасын әмелге асырыў бойынша ислерди буннан былай да күшейтиў мәселесин бүгин турмыстың өзи күн тәртибине барған сайын қатаң түрде қоймақта»[1]-деп атап өткен еди. Бул өз нәўбетинде бизиң алдымызға республикамыздың ҳәр бир орнында социал-экономикалық жағдайдың жақсыланыўы ушын мүмкиншилиги болғанынша өз үлесимизди қосыўды талап етеди.

Жоқарыдағы айтылғанлардан келип шығып бизиң магистрлик диссертациямыз усы мазмундағы темаға бағышланған. Бул машқаланы илимий изертлеў жумыслары экономикалық ҳәм социаллық географияның ең актуал мәселелериниң бири.

Елимиздиң тарийхы, мәденияты, экономикасы, руҳый-ағартыўшылық турмысы көп тәрепинен аўыллар менен байланыслы. Республикамыз халқының дерлик ярымы аўыллық орынларда жасаўы ҳәм аўыл хожалығының экономикалық потенциалдағы әҳмийетли орыны аўылларға болған қатнасты түптен өзгертиўди талап етеди.

Республика Президенти И.А.Каримов бул ҳаққында төмендегилерди атап өткен: Өз алдына итибар қаратыў лазым болған нәўбеттеги ең әҳмийетли баслы ўазыйпа аўылда халықтың турмыс дәрежесин жетилистиририўге, аўылларымыз көринисин өзгертиўге қаратылған узақ мүддетли ҳәм бир-бири менен байланыслы кең көлемли илажларды әмелге асырыў, социаллық тараў ҳәм өндирис инфраструктурасын раўажландырыўды

---

[1] Каримов И.А. Елимизди модернизациялаў ҳәм күшли пуқаралық жәмийет қурыў - ең әҳмийетли мақсетимиз. 27-январь 2010-жыл, Халқ сўзи газетасы, 20 саны.

жеделлестириў, мүлкдардың, исбилерменлик ҳәм киши бизнестиң статусын, орнын ҳәм әҳмийетин түптен қайта көрип шығыў, фермер хожалықларының раўажланыўын хәр тәреплеме қоллап-қуўатлаўдан ибарат"[1].

2009 жылдың Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен "Аўылды раўажландырыў ҳәм абаданластырыў жылы" деб белгилениўи мәмлекетимизде социаллық мақсетлерге қаратылған миллий экономиканың стратегиялық раўажланыўының баслы бағдарына сәйкес келеди. Бул ғәрезсизликтиң дәслепки жылларында әмелге асырылған социаллық сиясаттың үзиликсиз даўамы. 2009 жыл бундай деп аталғаны менен ол 5-10 жылға мөлшерленген илажларды қамтыйды.

Буннан республикамызда аўыллардың социал-экономикалық раўажланыў бағдарларын жәнеде тереңирек үйрениў талап етилетуғыны мәлим. Сонлықтан, мен өзимниң илимий изертлеў жумысымда аўыллық орынлардың *социал-экономикалық раўажланыў жағдайын ҳәм келешегин анализлеўди мақсет* еттим.

***Диссертацияның мақсети ҳәм ўазыйпалары:*** Илимий жумыстың тийкарғы мақсети Қарақалпақстан Республикасы аўыллық орынларының социал-экономикалық раўажланыўының ҳәзирги жағдайын илимий жақтан үйрениў, оны илимий жақтан анализлеў ҳәм перспективаларын белгилеў бойынша усыныслар ислеў болып есапланады.

Жоқарыда қойылған мақсеттен келип шыққан ҳалда диссертацияда төмендеги ўазыйпалар қойылды:

- Аўыллық орынлардың географиялық шараятларын оның экономикасын раўажландырыўдағы орнына қарай анализлеў;
- Аўыллық орынлар ҳәм аўыл халқы түсиниги ҳаққында айдынлық киргизиў;
- Аўыллық орынлар халық санының өсиў динамикасын үйрениў;
- Халқы ҳәм мийнет ресурсларының раўажланыўына тәсир көрсетиўши факторлардың тәсирин үйрениў;
- халықының жас-жыныс қурамындағы өзгерислерди анықлаў;
- аўыллық орынлардағы халықтың жумыс пенен бәнтлиги машқалаларын үйрениў;
- халықтың жумыс пенен бәнтлик дәрежеси ҳәм қурамын баҳалаў;
- Аўыллық орынлардың алдағы перспективада социал-экономикалық раўажланыўының баслы бағдарларын анықлаў ҳәм оның менен байланыслы машқалаларды шешиў жоллары бойынша усыныслар ислеп шығыў.

[1] Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози: Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. - Т.: Ўзбекистон, 2009.-41 б.

***Жумыстың теориялық ҳәм әмелий әҳмийети.*** Жумыстың теориялық тийкарын Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың елимиз социал-экономикалық реформаластырылыў мәселелерине байланыслы концепциялық мийнетлери, соның менен бирге, социал-экономикалық географияда жаратылған илимий жумысларда келтирилген пикирлер, алға қойылған идеяларға тийкарланылды.

Сондай-ақ жумыста экономикалық ҳәм социаллық география, регионаллық экономика ҳәм т.б. пәнлердиң нызамлықлары ҳәмде концепцияларына да тийкарланылды. Булар: картографиялық, статистикалық, экстраполяциялық, салыстырмалылық ҳәм т.б. Жумыс 1979, 1989-2010-жыллардағы есап санақ ҳәм статистикалық мағлыўматларға тийкарланған ҳалда жазылды.

***Машқаланың үйрениliў дәрежеси:*** Өзбекстан Республикасында аўыллық орынлардың ўазыйпалары социал-экономикалық, географиялық жақтан үйрениў мәселелери бир қанша алымлар тәрепинен изертленген болып, олардан А.Солиев, Э.Ахмедов, А.Атамирзаев, З.Раймжанов, З.Абдалова, ҳ.т.б.атап өтиўге болады. Қарақалпақстан Республикасында бул бағдар бойынша Т.Таджимов, Е.Умаров, Г.Ходжаева, Г.Утепова ҳ.т.б. илимпазлар үйренген. Олардың көпшилиги илимий мақалалары менен ғана белгили. Қарақалпақстан Республикасының аўыллық орынларының социал-экономикалық раўажланыўы бойынша эконом-географиялық көз-қарастан толық изертленген арнаўлы илимий мийнетлер аз.

***Изертлеўдиң илимий жаңалығы***: Бул жумыста Қарақалпақстан Республикасының аўыллық орынларының социал-экономикалық раўажланыў перспективалары магистрлик диссертация сыпатында дәслепки үйренилип атырған жумыс болып есапланады. Автор тәрепинен бул машқаланы шешиўде төмендеги мәселелер ислеп шығылды:

- Аўыллық орынлардың географиялық шараятларын оның экономикасын раўажландырыўдағы орнына қарай анализленди;
- Аўыллық орынлар ҳәм аўыл халқы түсиниги ҳаққында айдынлық киргизилди;
- Аўыллық орынлар халық санының өсиў динамикасын үйренилди;
- Халқы ҳәм мийнет ресурсларының раўажланыўына тәсир көрсетиўши факторлардың тәсирин үйренилди;
- халықының жас-жыныс қурамындағы өзгерислерди анықланды;
- аўыллық орынлардағы халықтың жумыс пенен бәнтлиги машқалаларын үйренилди;
- халықтың жумыс пенен бәнтлик дәрежеси ҳәм қурамын баҳаланды;

- Аўыллық орынлардың алдағы перспективада социал-экономикалық раўажланыўының баслы бағдарларын анықлаў ҳәм оның менен байланыслы машқалаларды шешиў жоллары бойынша усыныслар берилди.

***Жумыстың әмелий әҳмийети*** соннан ибарат болып, изертлеўдиң нәтийжелери социал-экономикалық раўажландырыў перспективаларын ислеп шығыўда, сондай-ақ, усы бағдарда шуғылланыўшы қәнийгелер, илимий изертлеў жумысларын алып барыўшылар ушын илимий ҳәм әмелий әҳмийетке ийе. Изертлеўдиң барысында бир қатар усыныслар исленилди. Олардан республикамыздың аўыллық орынларының социал-экономикалық раўажланыўын үйренгенде пайдаланыўға болады.

***Диссертация дүзилиси*** кирисиў, үш баб, жуўмақлаў, пайдаланылған әдебиятлар ҳәм қосымшалардан ибарат болып, улыўма көлеми ____ беттен ибарат.

# I БАП. АЎЫЛЛЫҚ ОРЫНЛАР ГЕОГРАФИЯСЫ ҲӘМ ОНЫ ҮЙРЕНИЎ

## I.1. Аўыллық орынлар ҳаққында түсиник

Аўыллық орынлар қалалық елатлы пунктлерден (қала ҳәм қалашалардан) тысқары аймақ болып, оларда аўыл хожалығында турақлы пайдаланылатуғын жерлер, турақлы халық жасайтуғын елатлы пунктлер болыўы лазым. Демек, аўыллық орынлар ареал, майдан көринисинде, аўыл елатлы пунктлери болса, олардың ишиндеги ноқат сыяқлы форма болып, жәмийетти социаллық-аймақлық шөлкемлестириў бирлиги есапланады.

Аўыллар қалаларға қарағанда халықтың ескиден жасап киятырған формасы. Бурынлары дәслепки халық қонысласқан орынлар қала ямаса аўыл деп аталмаған. Аўыллардың жүзеге келиўи жәмийетлик мийнет бөлистирилиўинде суўғарма дийҳаншылық мәдениятының раўажланыўы менен байланыслы болған. Суўғармалы дийҳаншылық дәслеп тәбийий суў ағымыннан пайдаланған ҳалда алып барылған, кейин-ала суўғарыў қурылмалары (бөгет, канал ҳ.т.б.) ҳәм қураллары (шығырық) тийкарында раўажланған. Бундай ирригациялық инфраструктураны жаратыў, сақлаў ҳәм олардан пайдаланыў кең жәмәәтшиликтиң мийнетин, халықтың бир орында ҳәм биргеликте жасасыўын талап етеди. Усылайынша, жәмәәт (социум) адамлардың аймақлық бирлиги, турақлы халық жасаў орынлары пайда болған. Суўғармалы дийханшылықтың шарўашылықтан ажыралып шығыўы ҳәм оның тийкарында өнерментшилик және саўданың раўажланып барыўы нәтийжесинде социаллық ҳәм аймақлық мийнет бөлистирилиўиниң гезектеги басқышы басланған. Жәмийет турмысындағы бундай өзгерислер аўыллардан қалалардың ажыралып шығыўына ҳәм раўажланыўына себепши болған. Сол ўақытлардан баслап жәмийетлик турмысты аймақлық шөлкемлестириўдиң еки формасы, яғный аўыллар ҳәм қалалар жүзеге келген.

Қалалар аўыллардан ажыралып шыққанлығын айрықша атап өтиў керек. Дәслепки қалалардың келип шығыўы аўыллар менен байланыслы болған. Сонлықтан, жер бетиндеги ең ески қалалар Жақын Шығыс, ҳәзирги Израил, Иордания, Сирия мәмлекетлери аймағында келип шыққан.

Аўыллардың бундай эволюциялық формада пайда болыўы ҳәм раўажланыўы Мечниковтың дәрья (суўғармалы дийханшылық) цивилизациясы ямаса мәденияты концепциясына муўапық жүз берген. Сол көз-қарастан Шығыс тарийхы, мәдениятын аўыл ҳәм қалалардың ажыралмас бирлиги деп тәрийиплеген. Басқа аймақларда болса аўыллардың пайда болыўы мәкан ҳәм ўақыт көз-қарасынан парық қылып, өзгеше жүзеге келген.

Аўыл ҳәм қалалар өзине тән “гео жуплық” болып, биреўиниң раўажланыўы екиншисине байланыслы болған. Демек, оларды бир-бирисиз көз алдымызға келтириў қыйын ҳәм халықтың жәмийетлик турмысын бундай аймақлық шөлкемлестириў формалары турақлы болып келеди. Аўыллық орынлар яки аўыллар тийкарынан аўыл хожалығы менен шуғылланыўшы халықтың аймақлық шөлкемлестириў формасы екен, ол әҳмийетине қарай география, әсиресе экономикалық ҳәм социаллық географияның әҳмийетли изертлеў объекти есапланады. Бирақ, аўыллар илимде онша үйренилмеген бағдар болып, қалаларға қарағанда салыстырма жүдә кем үйренилген. Бундай жағдай миллий экономикасы аўыл хожалығы менен байланыслы, халқының дерлик ярымы аўылларда жасаўшы Өзбекстан Республикасына да тийисли.

Бунның тийкарғы себеби бир неше: қалалардың жәмийет турмысында жетекши орынды ийелеўи; ҳәзирги заман урбанизация процесси жақын өтмиште аўылларға екинши дәрежели қатнаста болыў; аўылларды әсте-ақырынлық пенен қалаларға айландырыў сиясаты ҳәм олардың “келешеги бар” яки «келешексиз” топарларға ажыратылыўы; аўыллар бойынша статистикалық мағлыўматлардың кемлиги ҳәм оларды алыў қыйынлығы аўыллық орынлар географиясына итибарсызлықты келтирип шығарған.

Аўыллар бир қанша функцияларды орынлайды. Олар - экономикалық, социаллық, экологиялық ҳ.т.б. функциялар. Өз нәўбетинде аўыл хожалығы ямаса экономика да ҳәр қыйлы. Әдетте, аўыл хожалығын аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўши тармақ сыпатында қарайды. Негизинде, ол да айтарлықтай қурамалы система болып, ол “тар” мәнистеги аўыл хожалығынан тысқары бир қатар тараўларды да өз ишине алады. Сол көз-қарастан аўыл хожалығын жәҳән хожалығы, халық (миллий) хожалығы, қала хожалығы уқсаған улыўма хожалықтың (экономиканың) аймақлық шөлкемлестирилиўиниң өз алдына таксономиялық бирлиги ямаса буўыны сыпатында, кең мәнисте талқылаўда зәрүр.

Аўыл орынларды географиялық үйрениўде олардың өзине тән селитеб яки агроландшафт, аймақлық комплекс ямаса аймақлық социал-экономикалық система көринисинде методологиялық қатнас жасаў мақсетке муўапық есапланады. Жоқарыдағылардан келип шығып, аўыллық орынларды үйрениўде комплекс ҳәм системалы қатнас жасаў, аймақлық, тарихийлық принциплери қолланылады. Олар статистикалық, тарихый ҳәм географиялық салыстырыў, картографиялық, система-қурам, группаластырыў, районластырыў уқсаған усыллар тийкарында әмелге асырылады.

Аўыллық орынларды үйрениўде олар жайласқан аймақтың тәбийий-географиялық шараятына өз алдына итибар бериў лазым. Әсиресе, орынның климатлық шараяты, рельефи, суў ҳәм топырақ ресурслары, өсимлик дүньясы уқсағанлар үлкен әҳмийетке ийе.

Өзбекстанда көпшилик аўыллар гидрологиялық каналлар бойында яки олардың төменги бөлиминде жүзеге келген. Сайлар, дәрьялар, суў сақлағышлар ҳәм ирригация каналлары аўыллар географиясын ҳәр тәреплеме белгилеп береди.

Аўыллар көбинесе төбеликлерде, таў етеклеринде жайласқан. Бундай микрогеографиялық орын стратегиялық тәрептен де, жер асты суўлары қәддиниң көтерилиўи нәтийжесинде изейлесиўиниң алдын алыў тәрепинен де қолайлы. Тәбийий-географиялық факторлар аўыллардың шөл, оазис ҳәм алаб, таў ҳәм таў алды аймақларда жайласыўы, турақ-жай қурылыс формасы, олардың регионаллық өзгешеликлерин сыпатлап береди. Соның менен бирге, ҳәр қыйлы тәбийий апатлар итималлығы бар болған (сурилме, опырылыў, сел алыў жағдайлары, жер силкиниў, күшли самал ҳәм т.б.) аймақларда жайласқан аўыллар қолайлы географиялық орынға ийе емес.

Аўыллар қалаларға салыстырғанда тәбийий шараяты менен көбирек байланыслы болады. Аўыллардың хожалығы туўрыдан-туўры тәбийий-географиялық шараят тәсиринде раўажланады, оның аўыллар географиясына тәсири де үлкен болады. Жергиликли қурылыс материаллары - қум, шебень, ҳәк тас ҳәм басқалар да аўыллардың көринисиниң жүзеге келиўинде әҳмийетли роль ойнайды. Сай ҳәм басқа гидрологиялық шақаплар тар таў алабларында жайласқан аўылларда үйлер терраса көринисинде, елатлы пунктлер болса созылған, лента сыяқлы аймақлық формаға ийе болады. Сайлардың суў муғдары ҳәм ағым режими, алаптың тар ямаса кеңлиги, дийханшылық ушын жарамлы жерлердиң бар болыўы бул орынлардың демографиялық сыйымлылығына, аўыллардың үлкенлиги ҳәм атқаратуғын ўазыйпаларына тәсир көрсетеди.

Аўыллардың пайда болыўы ҳәм раўажланыўының тийкарын экономика тармақлары қурайды. Бул тәрептен аўыллар 3 топарға бөлинеди: аўыл хожалығына қәнигелеспеген, аўыл хожалығына қәнигелескен ва аралас аўыллар. Өз нәўбетинде аўыл хожалығына қәнигелескен аўыллар бағшылық ҳәм жүзимгершилик, суўғармалы дийханшылық, шарўашылық пенен шуғылланатуғын аўыллардан қуралады. Аўыл хожалық тараўларының “аўылды пайда етиў” қәбилети де ҳәр қыйлы. Салыстырмалы үлкен аўыллар суўғармалы дийханшылық раўажланған районларда жүзеге келеди, шарўашылық менен шуғулланған халықтың жасаў орынлары онша үлкен болмайды.

Аўыл хожалығына қәнийгелеспеген елатлы пунктлер темир жол станциялары, метеорологиялық станциялар, рекреациялық ҳәм туристлик тараўлар, қазылма байлықлар, суў сақлағышлар ҳәм каналлар тийкарында пайда болған. Бул аўыллардың халқы оншелли көп болмайды. Өндирислик әҳмийети айтарлықтай үлкен болмағанлығы себепли, бундай елатлы пунктлардың көпшилиги қала яки қалаша атағына ийе емес.

Аралас типтеги аўыллар жоқарыдағы еки тараўдың раўажланыўы яки, әдетте, аўыл хожалығы ҳәм оның менен байланыслы санаат кәрханалары бар болған аймақларда жайласқан. Бундай аўыллардың демографиялық келешеги салыстырмалы үлкен болыўы мүмкин. Демек, аўыллардың үлкен-кишилигин, олардың атқаратуғын функциясы белгилеп береди. Бул елатлы пунктлер географиясының ең әҳмийети нызамлықларынан бири болып есапланады.

Аўыллардың үлкен-кишилиги олардың функциясына байланыслы болыўы менен бирге бундай елатлы пунктлерде халыққа хызмет көрсетиў ҳәм сервис тараўын раўажландырыў шараяты ҳәр қыйлы болады. Аўыллық елатлы пунктлары тығыз жайласқан аймақларда өзине тән “аўыл агломерациясы” жүзеге келип, олардың әтирапында маятник сыяқлы миграция пайда болады.

Халыққа хызмет көрсетиў тараўлары, мәселен, билимлендириў, ден саўлықты сақлаў системасы аўыллық орынларда бағана сыяқлы, иерархиялы шөлкемлестириледи. Бул В.Кристаллердиң “орайлық орынлар” идеясына байланыслы, майда аўылларда билимлендириў яки ден саўлықты сақлаў системалариның ең төмен басқышы жайласады, аўыллар үлкенлесип барған сайын оларда шөлкемлестирилген бул тараўларға тийисли объектлер де үлкенлесип барады. Ең үлкен аўыллардың айырымларында колледж яки академиялық лицей, ири китапхана, кеселхана, қәнигелескен саўда дүканлары, банк, супермаркетлер шөлкемлестириледи.

Аўыллар дем алыў орынлары (рекреация) ҳәм туризмди раўажландырыў да үлкен әҳмийетке ийе. Пайызлы ҳәм саялы, гөззал көринисли орынлар республикамызда көплеп табылады. Сай ҳәм булақлар бойында жайласқан аўылларда ҳәр қыйлы дем алыў орынлары шөлкемлестирилген. Ҳәзирги ўақытты аўыллық орынларда зыйрат, агротуризм ҳәм экотуризмди раўажландырыў имкәниятлары да үлкен. Ҳәр қыйлы орынлар, мазар ямаса шынарлар, үңгир ҳәм сарқырамалар, әжайып таў яки алап ландшафтлары, жергиликли халық ойынлары ҳәм тойлары, тағамлары ҳәм кийимлери әҳмийетли туристлик әҳмийетке ийе. Сондай-ақ, агротуризм муниципиал ҳәм регионал экономиканың “избе-из” раўажланыўында тийкарғы роль ойнайды. Соның менен бирге, ҳәр қыйлы археологиялық естеликлер, қорған-қалалар, әййемги ирригациялық қурылыслар илимий ҳәм халқаралық туризмди аймақлық шөлкемлестириўде фактор болып хызмет қылады. Бундай естеликлер Төменги Әмиўдәрья ҳәм Сурхандәрья алабында көп. Аўыллық орынларды географиялық үйрениўде, олардың усы тәреплерине де итибар бериў зәрүр.

Аўыллық орынлар географиясында орайлық орынды елатлы пунктлар ийелейди. Себеби, аўыл ең алды менен халық жасайтуғын орын есапланады. Халық өз-өзин қайта пайда етиўши болыўы менен бирге ол, материаллық ҳәм руҳый байлықлардың жаратыўшысы ҳәм бир ўақыттың өзинде бул байлықлардың тутыныўшысы да болып табылады.

Аўыллық орынлардың халқын географиялық үйрениўде еки түрли қатнас бар болып, бириншиси бул орынлар халқын “толық”, яғный аўыл районлары, ўәлаят ямаса республика аўыл халқының жайласыўы, тығызлығы уқсаған улыўмалық өзгешеликлерин анализлеў болса, екинши бағдар аўыл халқын аўыллық елатлы пунктлери дәрежесинде анализлеўден ибарат. Бирақ, бул еки  бағдар, керсинше, система-қурам принципине уқсас, бир-биринен кескин парқ қылмайды. Оларды өзара муўапықластырған жағдайда үйрениў жақсы нәтийжелер береди; олар бир-бирин толықтырады ҳәм изертлеўдиң тереңлиги, қурамалылығын  тәмийинлейди.

## I.2. Аўыллық орынлардың классификациясы

Аўыллық елатлы пунктлар үйренилгенде олар, ең алды менен, классификацияланады. Бул тәрептен аўыллар ушын тийкарғы классқа бөлинеди: кишкене аўыллар (халық саны 1000 адамға шекем), орта (1000-3000 адам) ҳәм үлкен (3000 адам ҳәм оннан көп) аўыллар.

Арнаўлы изертлеўлерде бул топарларға ажыратыў жәнеде анығырақ әмелге асырылады. Аўылларды үлкен-кишкенелиги бойынша төмендеги классларға ажыратыў мүмкин.

Майда аўыллар-халық саны 500 адамға шекемги;

Кишкене аўыллар-500-1000 адам;

Орта аўыллар-1000-3000 адам;

Үлкен аўыллар-3000-5000 адам;

Ири аўыллар-5000 адамнан артық.

Аўыллық елатлы пунктларин бундай топарларға бөлиў тосаттан емес, әлбетте. Ҳәр түрли басқышдағы аўыллар хожалығының қәнийгелесиўи ҳәм жәмлесиўи, оларда билимлендириў, саўда, ден саўлықты сақлаў, финанс системасына тийисли кәрханалар, өндирис ҳәм социаллық инфраструктура шақапшалары ҳәр қыйлы болады.

Аўыллардың үлкен-кишкенелиги, олардың қайсы тараўға қәнийгелесиўине байланыслы. Өз нәўбетинде, аўылларда халық санының көп яки азлығы хызмет көрсетиў ҳәм сервис тараўын жайластырыўға тәсир көрсетеди.

Аўыллық елатлы пунктлерди үйрениў оларды үлкенлестириў ҳәм районластырыўды талап етеди. Рельефи қурамалы болған аймақларда аўылларды бәлентлик пояслары бойынша үйрениў үлкен әҳимийетти талап етеди. Сондай-ақ, оларды дәрья бассейнлери, шөл, алаб, қала әтирапы дәрежесинде анализлеў де үлкен географиялық мәниске ийе.

Географиялық анализ аўыллар ҳәм аўыл халқының тығызлығы, аўыллар арасындағы орташа аралық ҳәм басқа көрсеткишлерди анықлаўды да талап қылады. Соны да айтып өтиў керек, аўыллық районлар көлеминде халық тығызлығын есаплаў үлкен анықлыққа ийе емес. Бул “брутто” көрсеткиш административлик районның барлық аймақларына тән (халық жасаў яки жасамаўына қарамастан, шөл яки таў аймақларын да өз ишине алады). Сол себептен, халықтың тығызлығын аўыллық пуқаралар жыйынлары дәрежесинде анықлаў жақсы нәтийжелер береди. Бунда, әсиресе,аўыл хожалығында пайдаланылатуғын жерлерге салыстырып есапланса, анализ жәнеде терең ҳәм анығырақ болады.

Аўыллық елатлы пунктлерди географиялық үйрениў үлкен-кишкенелигине қарай топарларға ажыратыўдан тысқары оларды атқаратуғын ўазыйпасы (функциясы) бойынша өз алдына типлерге ажыратыўды нәзерде тутады. Аўылларды 3 тийкарғы функциясына қарай бөлиниўи ҳаққында жоқарыда айтып едик. Соның менен бирге аўылларды әпиўайы ҳәм аўыл пуқаралары жыйынлары, айырым аўыл районлары орайы ўазыйпасын атқарыўшы топарларға да ажыратыў мүмкин. Оларды районластырыў болса тәбийий-хожалық районлары көлеминде әмелге асырылады. Себеби, тәбийий шараят, әсиресе агроклиматлық ресурслар (ығалылық, температура, топырақ) аўыл хожалығы тараўларының жайласыўы ҳәм қәнигелесиўине тәсир көрсетеди, олар болса, өз нәўбетинде, аўыллар географиясын, үлкен-кишкенелиги ҳәм функционал типларин белгилеп береди. Бунда қала әтирапында, урбанизацияла屬қан аймақларды өз алдына ажыратыў зәрүр.

Аўыллық елатлы пунктлерди генетикалық жақтан үйрениў, бурынннан ҳәм жаңа өзлестирилген аймақларда олардың жүзеге келиў факторлары ҳәм өзгешеликлерин анықлаў әҳмийети жоқ емес. Сондай-ақ, аўылларды үй-жай қурылысы, абаданластырылғанлығы, өндирислик ҳәм социаллық инфраструктура менен тәмийинлеңенлиги, сыртқы көриниси сыяқлы тәреплерин де анализлеў үлкен географиялық маниске ийе.

Ауыллық орынлар демографиясы анализи де бул ҳаққындағы географиялық билимлерди толықтырады. Ол бул ўақытта ауыллар халқының географиясын үйрениў менен байланыслы. Егер ауыллық орынлар демографиялық процесслер аймақлық көз қарастан изертленсе, бундай қатнас демографиялық сыпатламаға ийе болады ҳәм керсиншесине, биринши орынға аймақлар (ўәлаятлар, ауыл районлары, ауыллық пуқаралары жыйыны ҳәм ауыллар объект сыпатында) қойылса, бул жағдайда геодемографиялық қатнас нәзерде тутылады.

Бирақ, аймақта географиялық ҳәм демографиялық жағдайға аймақлық қатнас жасаў арасында үлкен парқ жоқ; парқ тек қайсысының изертлеў объекти дәрежесинде қабыл етилиўинде екенин де атап өтиў керек. Улыўма алғанда, ҳәр қандай ҳәдийсе ямаса ўақыялар әлбетте қайерде, қайсы бир мәкәнда жүз береди. Усы көз қарастан аймақлық принципи бул жерде улыўма методологиялық өзгешеликке ийе. Ҳақыйқый географиялық изертлеўлер болса бул аймаққа өз алдына система сыпатында қарайды (аймақлық экономикалық система, аймақлық социаллық система, аймақлық сиясий система, аймақлық экологиялық система ҳ.т.б.) ҳәм оның ишки анализи система-қурам көлемнде әмелге асырылады. Ҳәр қандай аймақлық яки тармақлар қурамы да өз нәўбетинде, иштен (пәстен, төменнен) қарағанда, система, “системаша” көринисинде көринеди.

Ауыллық орынлар демографиясында төмендегилар анализ қылыныўы керек:

- халық саны оның өсиўи ҳәм жайласыўы;

- халықтың удайы көбейиўи (туўылыў, өлиў, тәбийий көбейиў);

- халықтың тәбийий ҳәм механикалық ҳәрекетиниң демографиялық жағдайға тәсири;

- халықтың жас-жыныс қурамы;

- халықтың миллий қурамы;

- мийнет ресурсы пайда болыўының демографиялық тийкарлары ҳ.т.б.

Жоқарыдағы көрсеткишлер динамикалық жақтан, яғный олардың динамикасы анализ қылынып, тийисли нызамлылықлар яки өзгешеликлер анықланыўы керек. Соның менен бирге географиялық изертлеў бул процесслердиң аймақлық парқлары, өзгешеликлери ҳәм олардың себеплерин ашып бериўди талап етеди. Бунда географиялық салыстырыў, группаластырыў, геодемографиялық толқынларды белгилеў үқсаған усыллар қолланылады.

Геодемографиялық толқынлар, жаңалықлардың диффузиялы тарқалыўы нызамына байланыслы анаў яки мынаў демографиялық процесслердеги өзгерислердиң аймақлық “ҳәрекети” менен байланыслы. Оларды анықлая аймақлардың демографиялық жағдайын

прогноз қылыўда үлкен әҳмийетке ийе. Мысалы, “туўылыў көрсеткишлериниң соңғы 15-20 жылдағы пәсейип барыўы белгили географиялық нызамлылықларды билдиреди, соннан, орайлық поясларда туўылыўдың (тәбийий көбейиў) улыўмалық коэффициентиниң пәсейиў процесси ўәлаятлар дәрежесинде толқын сыяқлы даўам етеди ҳәм шетки аймақларда “тоқтайды”. Басқаша айтқанда, орайда гүзетилген бүгиңи жағдай белгили ўақыт өткеннен соң шетки аймақларда көринис береди, ямаса ҳәзирги шетки ўәлаятлардағы демографиялық жағдай буннан белгили ўақыт алдын орайда жүз берген еди. Бундай геодемографиялық процесслар орай-шетки аймақлар (орай-периферия) идеясына да уқсап кетеди

Аўыллық орынлар географиясын үйрениўде социаллық мәселелер әҳмийетли орын ийелейди ҳәм олар да демографиялық процесслер сыяқлы халықлар географиясы менен туўрыдан туўры байланыслы болады. Бунда аўыл халқының жасаў шараяты ҳәм тәризи, социаллық инфраструктура, геокрименоген, нозогеографиялық ҳәм геоэкологиялық жағдайлар анализ қылынады.

Аўыл халқы тәбиятқа “жақын” болғанлығы себепли (қалалық орынларда тәбийий шараят күшли деформацияласқан, өзгерген, бул жерде ҳәмме ўақыт аймақлық жетиспеўшилик, бослыққа, жекеликке умтылыў, зәрүрлилик жағдайлары сезилип турады) оның тәбияты да өзине тән. Әдетте, аўыл халқы туўры, сабырлы болады, оларда ағайин-туўысқанлық, қоңсышылық қатнаслары бираз раўажланған.

Аўыллық орынлар ҳәм аўыллылар қалалыларға қарағанда жаңалықларды әстерек қабыл қылады ҳәм бул жаңалық салыстырмалы турғын жағдайда даўам етеди. Қалалық орынларда болса бар болған жағдай тез-тез өзгерип, жаңаланып барады. Демек, усы жерде қалалық орынларды Жер жүзиниң  қурғақлық бөлимине, аўылларды теңиз-океанларға теңеў мүмкин.

Қалалардың жүдә ҳәрекетшеңлиги олардың аймақларды қаласластырыў өзгешеликлерин келтирип шығарады. Бирақ қалалық орынларға салыстырмалы урбанизация түсинигин қолланыў надурыс, себеби қаланың өзи (урван-қала) урбанизацияласқан аймақ есапланады. Урбанизация қалалардың қоршаған орталыАРың социаллық-экономикалық жағдайын өзгертириўде өз көринисин табады. Урбанизация – аймақларда қала дәрежесинде жасаў, ислеў тәризиниң тарқалыўы деген ҳәм бул процесс, ең алды менен, аўыллық орынлардың социаллық-экономикалық өзгерислери менен байланыслы.

Ҳәзирги ўақытда республикамызда, айнықса аўыллық орынлар инфраструктурасын жақсылаўға үлкен итибар қаратылмаАРа. Бул бойынша билимлендириў ҳәм ден саўлықты

сақлаў системасын дурыс аймақлық шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыў, аўыл халкын таза ишимлик суўы ҳәм тәбийий газ менен тәмийинлеў уқсағанлар географиялық жақтан үйренилиўи лазым.

Сондай-ақ, усақлап сатыў саўдасы ҳәм пуллық хызмет аўыл районлары ҳәм АПЖ дәрежесинде изертлениўи лазым. Бунда абсолют көрсеткишлер менен шеклениў толық жуўмақ бола алмайды. Сол себепли, олар салыстырмалы көрсеткишлерде, мысалы, халық жан басына қанша саўда яки пуллы хызмет орынланғанлығы туўралы мағлыўматлардан пайдаланыў мақсетке муўапық.

Ден саўлықты сақлаў системасы да аўыл врачлық пунктлери (АВП, олардың тығызлығы, қанша халыққа хызмет көрсетиўи, тәсир шеңбери (радиуси) уқсаған аймақлық өзгешеликлери үйрениледи. Соның менен бирге аўыл халқының салыматлығы, кеселлениў дәрежеси, кеселлик түрлери ҳәм олардың себеплери, улыўма нозогеографиялық жағдай, нозогеографиялық ошақ ҳәм ареалларды анықлаў аўыллық орынларды социаллық географиялық көз қарастан үйрениўде үлкен әҳмийетке ийе.

Социаллық географиялық жағдай көп тәрептен орынлардың экологиялық өзгешеликлерине байланыслы. Геоэкологиялық жағдай болса халықтың саламатлығына тәсир етиўши әҳмийетли факторлардын есапланады. Усы көз қарастан ишимлик суўы, оның физикалық-химиялық қурамы, сапасы, атмосфера ҳаўасы, самал, аўқатланыў режими ҳәм рационы, орынлардың санитар-гигиеналық жағдайлары анализленеди ҳәм изертленеди.

Аўыллық аймақлар экологияси түрли ишки ҳәм сыртқы факторлар тәсирида жүзеге келеди. Ишки фактор тийкарынан аўыл хожалығында ҳәр қыйлы химикатлар, гербицид ҳәм пестицидлерден пайдаланыў, топырақ эрозиясы ҳәм шорланыўы, шығындылар, шарўашылық фермалары, таўық фабрикалары ҳәм басқа жергиликли өзгешеликлер менен байланыслы. Сыртқы фактор болса шеттен келиўши ҳаўа, суў, трансшегаралық жағдайлар тийкарында жүзеге келеди.

Аўыл әдетте, қалаға салыстырғанда пассив, төменирек раўажланған елатлы пункт есапланады. Қалалардың көп функциялылығы, үлкенлиги, инновация, инвестиция ҳәм инфраструктура келешегиниң күшлилиги, экономикасының көп тармақлылығы ҳәм жоқары дәрежеде раўажланғанлығы, халық жасаўы, оқыўы, емлениўи, ислеўи ушын имканиятлардың кең екенлиги олардың тәсиршеңлиги, аймақлық социаллық-экономикалық система яки комплекслеринде жетекши роль ойнаўын тәмийинлеп береди.

Аўыл қалаға белгили дәрежеде бойсынады, оны аўыл хожалығы шийки заты менен, халқын таза ҳаўа, суў, экономикасын исши күши менен тәмийинлеп турады. Қала болса

аўылға маман кадрлар, аўыл хожалығына машина, әсбап-үскенелер, минерал төгинлер, қурылыс материаллары заманагөй сервис хызметин жеткизип береди.

Бирақ, соның менен бирге қала айырым объект яки тараўларды шетке, аўыллық орынларға шығарады. Мысалы, ири қалалар әтирапларында мал базарлары, тасландықханалар, қәбиристанлар, складлар, автобазалар жайласқан. Олардың көпшилиги аўыл ландшафтын бузады, экологиялық жағдайына минус тәсир көрсетеди. Аўыллық орынлар географиясын үйрениўде әне сондай “қала-аўыл” қатнасықларының аймақлық тәреплерине итибар бериў зәрүр.

Аўыллық орынлар географиясын аўыллық елатлы пунктлериниң атларыда сыпатлап береди. Усы орында топонимика, яғный орынның атлары аўыллардың тарийхы, этнографиясы, хожалығы уқсаған өзгешеликлерин сәўлелендириўин итибардан шетте қалдырмаў керек. Бул мақсетте мәмлекетимиз алымлары Ҳ.Ҳасанов, С.Қораев, П.Ғуломов, Т.Нафасов, М.Миракмалов ҳәм басқалардың мийнетлеринен пайдаланылса болады.

Солай етип, аўыллық орынларды географиялық үйрениў кең көлемли, комплекс бағдарда алып барылады. Бундай изертлеўлер аўыллардың социал-экономикалық машқалаларын анықлаў ҳәм олардың илимий тийкардағы шешимин табыўда үлкен әҳмийетке ийе болады.

# II БАП. АЎЫЛЛЫҚ ОРЫНЛАР ДЕМОГРАФИЯСЫ

Аўыл орынлар өзине тән аймақлық социал-экономикалық система болып, олар халық ҳәм өндиристи шөлкемлестириў өзгешеликлерине қарай қалалық орынлардан парқ қылады. Әдетте, аўыллық орынлар олардың негизи болған аўыллық елатлы пунктларының яки қысқаша айтқанда-аўыллардың тәсир аймағы, турақлы халық жасаўшы ҳәм аўыл хожалығында пайдаланылатуғын жерлерден ибарат болады. Демек, аўыл халқы жасайтуғын мәнзил, аўыллық орынлар болса сол мәнзиллер ҳәм оның әтирапынан ибарат болады.

Аўыллық орынларда демографиялық жағдай қалалық орынларға қарағанда бираз турақлы, кескин өзгермейтуғын болады. Қалаларда басланған жаңа демографиялық процесслер, мысалы, туўылыўдың кемейиўи некеге кириўшилер жасының пәсейиўи аўылларға бир қанша кеширек кирип келеди ҳәм салыстырмалы узағырақ мүддетте бул жағдай сақланып қалады. Усы мәнисте қала ҳәр қандай жаңалықты тез қабыл қылады ҳәм тез өзинен тарқатады, аўыл болса бул жаңалықларды әсте қабыллайды ҳәм оларды бир қанша ўақыт сақлап қалады.

Өзбекстан шараятында аўыл халқы тийкарынан тупкиликли миллет ўәкиллеринен ибарат болып, олар өзине тән үрип-әдет, миллий дәстүр ҳәм қәдириятларға, ментолитетине ийе. Бул өзгешеликлер, сондай-ақ, ағайин-туўысқанлық, қоңсышылық, көп балалылық уқсағанлар демографиялық процесслерге де өз тәсирин көрсетеди. Бул жерлерде мәҳелле ҳәм гузарлар үлкен руҳый-ағартыўшылық, тәрбиялық әҳмийетке ийе.

Қарақалпақстан ҳәм улыўма Шығыс мәмлекетлери турмысында аўыллар әҳмийетли рол ойнаған. Суўғармалы дийханшылық ҳәм оған сәйкес мәдений (цивилизация), илим-пән, саўда, өнерментшиликтиң раўажланыўы, аўыл ҳәм қалалардың генетикалық ҳәм функционал тәрептен ажыралмас бирлиги үлкемиз тарийхы ушын тән болған өзгешеликлер болып есапланады. Улыўмалық әҳмийетке ийе болған урбанизация процессиниң мәмлекетимизге салыстырмалы “Европаша” түсиндирмеси туўры келмейди. Әсиресе, ҳәзирги елимиздиң миллий экономикасы, тарихий дәстүрлери, социаллық турмысы көп тәрептен көп санлы аўылларға ҳәм аўыл халқына байланыслы.

Улыўма алғанда, республика аўыл халқы қала халқына салыстырғанда әсте көбейип барған. Төмендеги статистикалық санлар Қарақалпақстанның барлық ҳәм аўыл халқы ҳаққындағы мағлыўмат береди (мың адам есабында)

1-кесте

**Қарақалпақстан халқының өсиў динамикасы***

| Жыллар | Барлық халық (мың адам) | Соның ишинде | | | Халықтың тығызлығы адам/км кв. |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Қала халқы (мың адам) | Аўыл халқы (мың адам) | Қала халқының үлеси (%) | |
| 1897 | 192,7 | 1,4 | 191,3 | 0,7 | 1,9 |
| 1921 | 160,6 | 7,3 | 153,3 | 4,5 | 1,6 |
| 1926 | 331,0 | 17,0 | 314,0 | 5,1 | 2,0 |
| 1939 | 475,7 | 57,8 | 417,9 | 12,2 | 2,9 |
| 1959 | 510,1 | 138,7 | 371,4 | 27,2 | 3,1 |
| 1970 | 702,3 | 249,4 | 452,9 | 33,5 | 4,3 |
| 1979 | 902,8 | 378,5 | 524,3 | 41,9 | 5,5 |
| 1989 | 1213,8 | 583,7 | 830,1 | 48,1 | 7,3 |
| 1990 | 1244,7 | 599,8 | 644,9 | 48,2 | 7,5 |
| 1991 | 1273,8 | 614,4 | 659,4 | 48,2 | 7,6 |
| 1992 | 1310,7 | 634,7 | 676,0 | 48,4 | 7,9 |
| 1993 | 1342,8 | 654,4 | 688,4 | 48,7 | 8,1 |
| 1994 | 1371,6 | 667,7 | 703,9 | 48,7 | 8,2 |
| 1995 | 1396,7 | 677,9 | 718,8 | 48,6 | 8,4 |
| 1996 | 1418,1 | 686,2 | 731,9 | 48,4 | 8,5 |
| 1997 | 1439,1 | 695,7 | 743,4 | 48,3 | 8,6 |
| 1998 | 1458,2 | 703,4 | 755,9 | 48,2 | 8,8 |
| 1999 | 1478,8 | 712,7 | 766,1 | 48,2 | 8,9 |
| 2000 | 1501,0 | 721,2 | 779,8 | 48,2 | 9,0 |
| 2001 | 1533,9 | 740,2 | 793,7 | 48,2 | 9,2 |
| 2002 | 1540,1 | 753,6 | 786,5 | 48,9 | 9,2 |
| 2003 | 1551,9 | 759,2 | 792,7 | 48,9 | 9,3 |
| 2004 | 1560,3 | 760,6 | 799,7 | 48,7 | 9,4 |
| 2005 | 1569,9 | 764,9 | 805,0 | 48,7 | 9,4 |
| 2006 | 1571,8 | 765,1 | 806,7 | 48,7 | 9,4 |
| 2007 | 1582,7 | 767,5 | 815,2 | 48,5 | 9,5 |
| 2008 | 1595,4 | 773,3 | 822,1 | 48,5 | 9,6 |
| 2009 | 1618,9 | 786,2 | 832,7 | 48,6 | 9,7 |
| 2010 | 1635,2 | 824,4 | 810,8 | 50,1 | 9,8 |
| 2011 | 1652,1 | 834,1 | 818,0 | 50,5 | 9,9 |

Кесте ҚР статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында дүзилген

Жоқарыда келтирилген мағлыўматлар ҳәр қыйлы дәўирлерде қала ҳәм аўыл халқының түрлише көбейип барғанлығын көрсетеди. Мысалы, 1991-2011 жылларда (соңғы 20-жыл ишинде) жәми халық саны 129,7 %ке, қала халқы 135,7 ҳәм аўыл халқы 124,1 %ке өскен. Республикамыз демографиялық тарийхында 1959-1970 жыллардағы дәўир өзиниң жоқары көрсеткишлери менен ажыралып турады; бул дәўирде орташа жыллық көбейиў барлық халық 3,45, қала халқы 4,25 ҳәм аўыллық орынларда 3,20 %ке тең болған.

Қарақалпақстан Республикасында қала ҳәм аўыл халқының өсиўинде белгили дәрежеде парқлар бар. Бул өз нәўбетинде аўыл ҳәм қала халқының муғдарлық көрсеткишиниң өзгериўине де тәсир көрсетеди.

Қарақалпақстан халқының дүзилиси ҳәм қурамының динамикалық өзгешелиги республиканың социал-экономикалық раўажланыўы менен байланыслы.

Қарақалпақстанда халықтың өсиў пәти ҳәр дәўирде ҳәр қыйлы болды. Салыстырмалы турде халықтың тез өсиў пәти республикада урыстан алдынғы жыллардан басланды. 1926-жылдан 1939-жыл аралығында республика халқының саны 144,7 мың адамға көбейди. Ал, орташа жыллық өсиў пәти 2,8% ти қурады (2-кесте).

**2-кесте**

**Қарақалпақстан халқы санының абсолют ҳәм орташа өсим пәти***

| | Халықтың өсими мың адам | | | Орташа жыллық өсиў пәти, % есабында | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Этаплар | Барлық халық | қала халқы | аўыл халқы | Барлық халық | қала халқы | аўыл халқы |
| 1897-1926 | 138,3 | 15,6 | 122,7 | 1,4 | 6,6 | 1,3 |
| 1926-1939 | 144,7 | 40,8 | 103,9 | 2,8 | 9,9 | 2,2 |
| 1939-1959 | 34,4 | 80,9 | - 46,5 | 0,4 | 4,5 | -0,6 |
| 1959-1970 | 192,2 | 110,7 | 81,5 | 3,0 | 5,5 | 1,8 |
| 1970-1979 | 200,5 | 129,1 | 71,4 | 2,9 | 4,7 | 1,6 |
| 1979-1989 | 311,0 | 205,2 | 105,8 | 3,8 | 4,4 | 2,3 |
| 1991-2001 | 260,1 | 125,8 | 134,3 | 1,8 | 1,8 | 1,8 |
| 2001-2008 | 118,2 | 93,9 | 24,3 | 0,72 | 1,1 | 0,29 |

*Кесте архив ҳәм Қарақалпақстан Республикасы статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында дүзилди.

Республика халқы санының өсиў пәти урыс ҳәм урыстан кейинги дәўирлерде (1939-1959 жж.) бир қанша төменледи. Қарақалпақстан халқының саны 1959-жылы 510 мың адамды, ал орташа жыллық өсим барлығы болып 0,4% ти қурады. Бундай төмен көрсеткиш басқа дәўирлерде бақланбаған. Бул дәўирде демографиялық жағдайға тийкарынан урыс өз тәсирин тийгизди.

Улыўма 1939-1970 жыллар аралығында халықтың өсиў пәти Өзбекстан халқының улыўма өсиминен төмен болды. Соның себебинен Өзбекстан халқының қурамында Қарақалпақстанның тутқан орны бир қанша кемейди. 1939 жылы Қарақалпақстан халқының үлеси Өзбекстан халқының улыўма санының 5,9% ин қурады. Ал, республика қала халқының саны салыстырма үлесте Өзбекстан қала халқының улыўма санына қарағанда бәркулла өсип барды. Егер 1939 жылы Қарақалпақстан қала халқының үлеси Өзбекстан қала халқының 3,8% ин қураған болса, бул көрсеткиш 1970-жылы 5,8% тең болды.

Республика халқының жоқары өсим 1970-1980 жыллары бақланды. Халықтың өсими 1970 жылда 1979 жылға шекем 129% ти қурады. Бул дәўирде Қарақалпақстан халқының өсим пәти улыўма Өзбекстан көрсеткиши менен теңлести. Соңғы есап-санақ алыў дәўирлеринде (1979-1989жж.) Қарақалпақстан халқы санының өсиўи 134,4 %ти

қурап, усы дәўирдеги Өзбекстан халқының өсиминен бирқанша жоқары болды (Өзбекстанда халқы санының өсиўи 129% ти қурады). Ал, орташа жыллық өсиў пәти 1,2% ке тең болды.

Халық санының бул дәўирдеги жүдә тез пәт пенен өсиўи басқа Орайлық Азия республикалары сыяқлы, туўылыўшылықтың жоқарылығы менен характерленди. Ал халықтың туўылыўшылығының жоқары дәрежеде болыўына Орта Азия еллериниң жергиликли миллет ўәкиллериниң (қарақалпақ, өзбек, қазақ, түркмен) миллий менталитети, үрип-әдет, дәстүрлери, турмыс салты ҳәм тағыда басқа факторлары тәсир етти.

1989 жылы республика халқы 1213,8 мың адамды қурап, 1979 жыл менен салыстырғанда 311,0 мың адамға көбейген. Ҳәр жылғы орташа өсим 31,1 мың адамды қурады.

Ҳәзирги ўақытта Республика халқының саны 1652,2 мың адамнан ибарат (1. 01. 2011 ж.). 1991-2011 жыллар аралығында жәми халық саны 129,7 %ке, қала халқы 135,7 ҳәм аўыл халқы 124,1 %ке арттып орташа жыллық өсим 1,0% әтирапында болды. Бирақ соңғы жыллары халықтың орташа жыллық өсими төменлей баслады. Мысалы: 1989-жылы халықтың абсолют өсими 30,9 мың адам болса, 1990 жылы 29,1 мың адам, 1991-жылы 36,9 мың 1995-жылы 21,4 мың адам, 2001 жылы 19,2 мың, 2005-жылы 8,4 мың адамды, 2006-жылы 2,1 мың адамды, 2007-жылы 10,9 мың адамды қураған болса, 2011-жылға келип бул көрсеткиш 17,1 мың адамға қайта көтерилди (2-кесте). Көрип турғанымыздай ең төмен абсалют өсим 2005-жылдан 2006 жылға өткен дәўирге туўра келип, кейин 2007-жылдан баслап қайтадан арта баслады. Буған 2005-жылдағы туўылыўшылықтың азайыўы ҳәм сол жылдағы гүзетилген ең төмен миграция сальдосы (-21323 адам) себеп болды. Бирақ, 2006, 2007-жыллардағы халықтың абсалют санының артыўына миграция процессинде бираз пәсейиў жүз бергенлиги, сондай-ақ 1985-жылдан кейинги туўылғанлардың репродуктивлиги тәсир жасады. Деген менен соңғы жыллар ишинде республика халқының абсолют өсими айтарлықтай дәрежеде төменледи.

Көрип шығылған тарийхый дәўир даўамында (1897-2008 жж.) Қарақалпақстан Республикасы халқының саны дерлик 8,5 есе, соннан аўыллық орынлар халқы 4,3 есе өсти.

Қарақалпақстанның соңғы демографиялық-тарийхый басқышы республика халқының өсиў пәтиниң кескин төменлеўи менен белгиленеди. Бул өтиў дәўириндеги қыйын социал-экономикалық шараятларда көринеди. Республика халқының өсиўиниң тийкарғы дереги бәрқулла табийий өсим болып қалады.

Егер өткен әсирдиң 70-жылларындағы “урбанистикалық толқын” қалалар саны ҳәм қала халқының жедел көбейиўине алып келген болса, 90-жыллар орталарынан қалаласыў процесси бираз пәсейген ҳәм аўыл халқы тез артып барған. Нәтийжеде, аўыл халқының үлеси сол дәўирден баслап ең соңғы жылларға шекем көтерилип барған. Мысалы, улыўмалық урбанизация дәрежеси 2000 жылларға келип өзиниң ең жоқары шыңына, яғный 48,7 % (аўыл халқы үлеси 51,7 %) ерискен болса, 2011 жылға келип аўыл халқы ол 49,5 % ке түсип қалған. Бунын себеби, 2009 жыл өзине тән “аномал”, яғный қалашалар санының бир жола 16 дан 26 ға көбейгенлиги.

2009-жыл урбанизация көз қарасынан “аномал” жыл есапланған жылдағы Өзбекстан Республикасының барлық ўәлаятларында урбанизацияның улыўмалық демографиялық көрсеткиши, яғный қала халқының барлық халық санындағы үлеси 35,8 %тен 51,7 %ке ямаса 15,9 пунктке көтерилген (аўыл халқының үлеси сонша дәрежеде қысқарған) болса, бул парқ, кескин өзгерис Қарақалпақстанда онша көринбеди.

Улыўма географиялық нызам бойынша, бурыннан суўғарылып дийханшылық қылынып киятырған оазис ҳәм алаблардың аўыллық районлар халқы көп ҳәм тығыз, экстенсив шарўашылыққа кәнигелескен шөл аймақлары районларында болса, керсинше, халық саны аз ҳәм сийрек.

Ҳәзирги ўақытда Қарақалпақстан Республикасының шөл поясында жайласқан аўыл районларының демографиялық сыйымлылығы жүдә пәс. Мысалы, 1 $км^2$ майданға Мойнақта 0,75, Қоңырат районында 1,5, Тахтакөпирде 1,9 адамнан туўра келеди.

Аўыл районларында халықлар географиясында бундай өзгешеликлерди есапқа алыў “Аўылларды раўажландырыў” Мәмлекетлик бағдарламасында белгиленген илажларды әмелге асырыўда үлкен әмелий әҳмийетке ийе. Олар аўылларда үй-жай қурылыс, халыққа транспорт, медициналық ҳәм басқа хызметлерди көрсетиўге ҳәмде халықтың бәнтлиги машқалаларын шешиўде әҳмийетли.

Қарақалпақстанның аўыл халқы оның жәми халқы сыяқлы, тек тәбийий көбейиў тийкарында артып бармақта. Миграция, соннан сыртқы миграцияның нәтийжеси кемейип баратырған болсада, ол еледе минус көрсеткишлерге ийе. Мысалы, бир ғана 2010 жылда жәми халықтың көбейиўиниң 60 % тен асламы аўылларға туўры келген болып, пүткил тәбийий көбейиў есабынан ибарат болған. Әлбетте, тәбийий көбейиўдиң ҳақыйқый көрсеткиши буннан жоқарырақ, себеби оның бир бөлими кери миграция қалдығына кетеди.

Бирақ, ҳәр мың адамға есаплағанда, тәбиийй көбейиў республика аўылларында жылдан-жылға кемейип бармақта. Мысалы, ол соңғы 10 жыл даўамында 20,2 ‰ден 18 ‰ ге түсип қалған.

Белгили болғанындай, республика халқының тәбиийй көбейиўи ең алды менен оның туўылыў көрсеткишлери тийкарында жүзеге келеди. Соңғы жылларда аўыл халқының улыўма туўылыў коэффициенти 23-25 ‰ аралығында болып, оның көрсеткиши 2006 жыллардан баслап бираз көтерилип бармақта. Соның менен бирге қала ҳәм аўыллардағы туўылыў дәрежесиндеги парқ аўыллар есабынан бараған сайын қысқарып бармақта.

Өткен әсирдиң ақырғы он жыллықларында басланған ҳәм 90-жылларда жеделлескен туўылыў көрсеткишиниң пәсейип барыўы шама менен 2005 жылларға келип тоқтады ҳәм 2006 жылдан баслап ол бираз көтерилмекте. Бул орында миллий экономикада турақлы раўажланыўға 1996 жылда ерисилген болса, демографиялық процесслерде бул жағдай 10 жылдан кейин жүзеге келди. Әлбетте, бундай улыўмалық, дәстлепки жуўмақ шебер ҳәм терең демографиялық анализди, өтиў дәўири өзгешеликлерин үйрениўди талап етеди.

Аўыл районлары халқының туўылыў дәрежеси бир-биринен бир қанша парқ қылады. Мысалы, 4 АР да ямаса олардың 28,0 %да ҳәр мың адамға туўылыў 24 ‰ни қурайды. Бул районлар Беруний (24,4), Қараөзек (25,1), Қоңырат (24,3) ҳәм Шымбай (24,2) районлары болып басқа аўыл районында да бундай жағдай гүзетилмейди.

Қалған 10 АР улыўма туўылыў коэффициенти 22,1-24,0 ‰ аралығында. Туўылыўдың ең жоқарғы көрсеткиши (25,1 ‰, Қоңырат) тек 1 аўыл районында дизимге алынды. Ақырғы жылларда Қарақалпақстан аўылларында ҳәр мың адамға өлгенлер саны орташа 4,0-5,0 ‰ аралығында.

Туўылыў көрсеткишлерине қарағанда өлим коэффициенти үлкен аймақлық парқларға ийе емес. Бу барада топар аралықлары да “тарырақ”. Аўыл районларының ең үлкен бөлиминде өлимшилик ҳәр 1000 адамға салыстырмалы, 5,1-5,5 ‰ни қурайды. Олардың улыўма саны 7 ямаса республика жәми аўыл районларының 50,0 %ине тең.

Өлим көрсеткишлерине тийисли географиялық өзгешелик соннан ибарат болып, оның салыстырмалы жоқарылығы тийкарынан экологиялық орталық бир қанша кери болған аймақларда көринеди. Буған Тахтакөпир, Шымбай, Нөкис аўыл районлары мысал болады (4-кесте).

Туўылыў ҳәм өлим салыстырмалы халықтың тәбиийй көбейиўин тәмийинлейди. Изертлеўлердиң көрсетиўинше, туўылыў коэффициенти 2005 жылға шекем қысқарып барды ҳәм ең соңғы жылларда ол бир қанша көтерилмекте. Өлим көрсеткиши де ақырғы жылларда пәсейип барды ҳәм ҳәзирги ўақытта ол бираз турақлы ҳалға келди. Буның

нәтийжесинде тәбийий көбейиў, халықтың туўылыў дәрежесине сәйкес жағдайда өзгерип бармақта. Ол жоқарыда айтып өткенимиздей, ең ақырғы жылларда сезилерли дәрежеде көтерилгенлигин көрсетпекте. Сонлықтан, аўыл районларын халықтың тәбийий көбейиўи дәрежесине қарай топарларға ажыратылыўы туўылыў көрсеткишлерине уқсап кетеди.

Бирақ, басланғыш жағдай жоқары болған аўыл районларында қысқарыў күшлирек, пәс болған аймақларда болса ол азырақ бақланады. Оған Қарақалпақстан Республикасы, Тахтакөпир, Нөкис ҳәм Шымбай районларында 2010 жыл тәбийий көбейиў көрсеткишлери 1995 жылға қарағанда жоқары болған.

Нәтийжеде, бул ҳаққындағы географиялық коэффициент киширейип барады аймақлық парқлар қысқарыўыда даўам етеди. Республика аўыллары халқы оның миграциясы тәсиринде да өзгерип барады. Изертлеўлерге қарағанда, аўыллық орынлар үзиликсиз миграция арқалы өз халқының белгили бир бөлимин “жоғалтып” бармақта. Районлар көлеминде миграция процесслери ҳәр қыйлы болып, ол олардың демографиялық келешегине, “миграция ресурсларына”, хожалығының тармақлары қурамына ҳәм раўажланғанлық дәрежесине, халқының жас-жыныс ҳәм миллий қурамына байланыслы. Көринип турғанындай, халықтың миграциясы жүдә қурамалы социал-экономикалық процесс есапланады ҳәм ол арнаўлы анализ ҳәм изертлеўлерди талап қылады.

Аўыллық районлар көлеминде де халықтың көшип келиўи ҳәм көшип кетиў көрсеткишлери ҳәр қыйлы. Соңғы жыллардағы халық алмасыўы Қанлыкөл, Қараөзек, Кегейли ҳәм Нөкис районларында олардың пайдасына жақсыланған.

**4- кесте**

**Қарақалпақстан Республикасының аўыллық районлары бойынша туўылыўшылық, өлимшилик ҳәм тәбийий өсими көрсеткишлери ( ҳәр 1000 адамға)**

| | 2000 | | | 2005 | | | 2006 | | | 2007 | | | 2008 | | | 2009 | | | 2010 | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | туўылыў | өлимшилик | тәбийий өсим | туўылыў | өлимшилик | тәбийий өсим | туўылыў | өлимшилик | тәбийий өсим | туўылыў | өлимшилик | тәбийий өсим | туўылыў | өлимшилик | тәбийий өсим | туўылыў | өлимшилик | тәбийий өсим | туўылыў | өлимшилик | тәбийий өсим |
| Республика б-ша | **24.0** | **5.6** | **18.4** | **20.6** | **5.9** | **14.7** | **22.3** | **5.4** | **16.9** | **23.0** | **5.3** | **17.7** | **24.1** | **5.3** | **18.8** | **24.6** | **5,0** | **19.6** | **23,1** | **5,1** | **18,0** |
| Амудәрья | 26.8 | 5.3 | 21.5 | 22.4 | 5.3 | 17.1 | 24.7 | 5.2 | 19.5 | 24.9 | 4,5 | 20.4 | 25,8 | 5,0 | 20.8 | 26.0 | 4,9 | 21.1 | 23,8 | 5,1 | 16,7 |
| Беруний | 25.5 | 5.5 | 20.0 | 22.4 | 5.9 | 16.5 | 22.9 | 4.6 | 18.3 | 24.6 | 5,2 | 19.4 | 24,3 | 5,1 | 19.2 | 25.3 | 5,0 | 20.3 | 24,4 | 4,8 | 19,6 |
| Қанлыкөл | 26.2 | 6.0 | 20.2 | 19.3 | 7.2 | 12.1 | 21.5 | 4.7 | 16.8 | 21,3 | 4,7 | 16.6 | 23,4 | 4,7 | 18.7 | 27.6 | 4,6 | 23.0 | 21,6 | 4,9 | 16,6 |
| Қараөзек | 20.0 | 5.8 | 14.2 | 20.3 | 6.8 | 13.5 | 20.3 | 6.8 | 13.5 | 22.5 | 6,7 | 15.8 | 24,7 | 6,7 | 18.0 | 24.4 | 6,7 | 17.7 | 25,1 | 5,3 | 19,8 |
| Кегейли | 23.6 | 5.9 | 17.7 | 20.9 | 6.5 | 14.4 | 22.0 | 6.5 | 15.5 | 24.4 | 6,4 | 18.0 | 24,2 | 6,4 | 17.8 | 25.2 | 6,3 | 18.9 | 23,4 | 6,1 | 17,3 |
| Қоңырат | 24.9 | 5.7 | 19.2 | 22.1 | 6.2 | 15.9 | 22.1 | 6.2 | 15.9 | 22,9 | 6,2 | 16.7 | 25,3 | 5,2 | 20.1 | 26.0 | 5,2 | 20.8 | 24,3 | 5,3 | 19,0 |
| Мойнақ | 23.8 | 7.0 | 16.8 | 21.0 | 7.0 | 14.0 | 17.5 | 7.0 | 10.5 | 21,1 | 7,0 | 14.1 | 24,6 | 7,0 | 17.6 | 24.5 | 7,0 | 17.5 | 22,4 | 5,3 | 17,1 |
| Нөкис районы | 24.2 | 6.3 | 17.9 | 22.5 | 6.8 | 15.7 | 22.3 | 6.7 | 15.6 | 24,3 | 6,6 | 17.7 | 26,2 | 6,6 | 19.6 | 27.8 | 6,4 | 21.4 | 23,6 | 5,8 | 17,9 |
| Тахтакөпир | 20.4 | 5.8 | 14.6 | 21.6 | 7.2 | 14.4 | 22.1 | 4.9 | 17.2 | 24,9 | 7,5 | 17.4 | 25,1 | 7,5 | 17.6 | 25.2 | 5,0 | 20.2 | 23,9 | 6,1 | 17,8 |
| Төрткул | 24.3 | 5.3 | 19.0 | 20.7 | 5.5 | 15.2 | 21.7 | 5.4 | 16.3 | 23,8 | 5,3 | 18.5 | 24,6 | 5,3 | 19.3 | 25.3 | 4,6 | 20.7 | 22,6 | 4,6 | 18,0 |
| Хожели | 25.4 | 6.1 | 19.3 | 20.7 | 6.2 | 14.5 | 23.0 | 5.6 | 17.4 | 23,0 | 5,6 | 17.4 | 23,7 | 6,3 | 17.4 | 22.9 | 5,6 | 17.3 | 22,7 | 5,2 | 17,5 |
| Шымбай | 24.3 | 6.5 | 17.8 | 21.4 | 6.1 | 15.3 | 23.3 | 6.1 | 17.2 | 22,1 | 6,0 | 16.1 | 24,9 | 6,0 | 18.9 | 26.5 | 4,9 | 21.6 | 24,2 | 5,8 | 18,4 |
| Шоманай | 26.2 | 5.8 | 20.4 | 19.6 | 4.9 | 14.7 | 22.3 | 4.9 | 17.4 | 19,8 | 4,9 | 14.9 | 19,7 | 4,9 | 14.8 | 22.1 | 4,9 | 17.2 | 21,7 | 5,3 | 16,4 |
| Елликқала | 27.5 | 4.9 | 22.3 | 20.7 | 5.0 | 15.7 | 23.7 | 4.1 | 19.6 | 24,2 | 4,8 | 19.4 | 25,3 | 4,7 | 20.6 | 25.6 | 3,9 | 21.7 | 23,8 | 4,0 | 19,8 |

*Қарақалпақстан Республикасы статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында дүзилди.*

# III БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ АЎЫЛЛЫҚ ОРЫНЛАРЫНЫҢ ХАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫНА СЫПАТЛАМА

## III.1. Қарақалпақстан Республикасының аўыл хожалығы тараўларының жайласыўы ҳәм раўажланыўы

Қарақалпақстан республикасы аймағында аўыл хожалығы халық хожалығының ең ири тараўларынан есапланып бул санааттың айырым тараўларын шийки зат пенен ҳәм халықты тутыныў товарлары менен тәмийнлеўде тийкарғы рол атқарады. Аўыл хожалығы тараўларын раўажландырыў хожалық машқалалары ишиндеги ең тийкарғыларынан болып есапланады.

Республикамыз аўыл-хожалығы үлкен еки тараўдан - дийханшылық ҳәм шарўашылықтан турады, бизиң дәўиримизде аўыл-хожалыығын индустриаллы бағдарда раўажландырыў дийханшылықта механизация ҳәм технологияларды кеңнен пайдаланыў жолы менен иске асырылмақта Усыған байланыслы екинши дүнья жүзлик урыстан кейинги дәўирде республикамызда аўыл хожалығын интенсив жол менен раўажландырыў ушын үлкен жумыслар исленди. Дийханшылықта егислик майданларды кеңейтиў менен бир қатарда бир гектардан алынатуғын өним муғдарын жоқарылатыў мәселелериде шешилди. Ал, шарўашылықта шарўа малларының бас саны ҳәм олардан алынатуғын өним муғдарын көбейтиў ушын зоотехникалық бағдарда көлемли жумыслар иске асырылды.

Дурысында да Қарақалпақстан республикасы аўыл хожалығын раўажландырыў ушын қолайлы климат шараятларына ийе. Жазлдың узақ даўам етиўи ҳәм егинлердиң өсип раўажланыў дәўиринде жаўын-шашынның болыўы қымбат баҳалы техникалық егинлерди жетистириў мүмкиншиликлерин береди. Бирақ, айырым жылларда, кеш келген бәҳәр, ерте келген гүзги суўықлар, нөсер жаўын-шашынлардың ҳәм қыстағы қарсызлық дийханшылыққа үлкен зыянын тийгизип турады. Ҳаўа райының қолайсызлықлары аўыл хожалығы егинлериниң тез писир сортларын егиўге ҳәм жыйын-теримди қысқа ўақыт ишинде өткериўди талап етеди.

Соңғы ўақытлары Әмиўдәрьяда суў муғдарының кескин азайыўы себепли аз суў талап етилетуғын егинлерди көплеп дийханшылыққа ендириў мәселесин пайда етпекте.

Өтмиште Қарақалпақстанды басқа жерлер менен байланыстыратуғын траспорт жолларының болмаўына байланыслы аўыл хожалығы тийкарынан жергиликли халықтың азық-аўқатқа болған талабын қанаатландырыў ушын ғана хыщмет ететуғын еди. Жүўери, бийдай, салы, гүнжи, аз муғдарда пахта,жоңышқа, овощ ҳәм палыз егинлери егилген. Қақланған мийўе менен кишмишти шийринлик орнына тутынатуғын еди. Шарўашылық өнимлерин де тиккелей сыртқа шығарыў болмаған, ал көпшилик жағдайда жергиликли халықтың мүтәжликлерин өтеген.

Бүгинги Қарақалпақстан аграр-индустриал үлке. Аўыл хожалығында жекеши тараўды пахташылық ийелейди. Солай етип, аўыл хожалығы толығы менен пахта өндириўге салы, бийдай, овощ-палыз өнимлери ҳәм жоңышқа туқымын жетилистириў, боян тамырын, бағшылық ҳәм жүзимгершилик өнимлерин, қара көл териси, гөш, сүт, жүн, мәйек, пилле, ондатра ҳәм нитрия терилерин, балық өнимлерин өндириўге қәнигелестирилди. Бул өнимлердиң ярымлары биринши дәрежели қайта ислеўден кейин мәмлекетимиздиң басқа тараўлары ҳәм сырт еллерге жибериледи. Аўыл-хожалығын раўажландырыў. Оның материаллық-техникалық базасын дүзиўге мийнет ресурслары ҳәм тәбийий ресурсларынан ақылға муўапық пайдаланыўға, җәне агробизнес ислерин өндириске кеңнен енгизиўге де байланыслы.

Өзбекстан республикасы ғәрезсизликке ерискеннен кейин аўыл-хожалығын ең жаңа техникалар менен үскенелеўге айрықша итибар бермекте. Қарақалпақстан республикасының машина-трактор парки, АҚШ ҳәм Германияда исленген CASE CLASS маркасындағы жоқары өнимдарлы аўыл хожалық машиналары менен толықтырылмақта ҳәм жерди үриў ҳәм зүрәәтти жыйнаў мапазына кеңнен қолланылмақта. Қарақалпақстанның ең әҳмийетли суўғарыў тараўлары реконструкцияланды ҳәм дийханшылық зоналарында коллектр-дренаж тармақлары көбейди. Республикамыздағы ең ири суўғарыў системалары қатарына Қызкеткен, Сүўенли, Пахтаарна каналлар киреди. Қызкеткен магистралы каналы Қарақалпақстанның ең ири суўғарыў системаларынан есапланады. Нөкис, Кегейли, Шымбай, Қараөзек, Бозатаў ҳәм Тахтакөпир районлары аймағынан 170 мың гектардан аслам егислик жерлерди суў менен тәмийнлейди. Сүўенли суўғарыў системасы -Әмиўдәрьяның шеп жағалаўларында жайласқан Хожели, Шоманай, Қанлыкөл, Қоңырат ҳәм Мойнақ районларының айырым хожалықларын суў менен тәмийнлеп, жыл сайын 133 мың гектардан аслам егислик майданды суў менен тәмийнлеўге мүмкиншиликлер туўдырмақта.

Қарақалпақстанның қубла районларын суўландыратуғын Пахтаарна суўғарыў системасы Әмиўдәрьяның оң тәрепинде жайласқан Төрткүл, Беруний, Елликқала

районларының аймағынан 87,1 мың гектардай егислик майданларды суў менен тәмийнлейди ҳәм тийкарғы суў тармағы болып есапланады.

Булардан басқа Қыпшақ арна ҳәм Назархан каналлары Әмиўдәрья районының егислик жерлерин суў менен тәмийнлейди. Ал, Қарақалпақстанның шөлистанлы аймақларында тийкарғы суў дереги ретинде жер асты суўларынан кеңнен пайдаланылмақта. Буған мысал ретинде Тахтакөпир районындағы «Томарастаў» скважинасын айтыўға болады.

Қарақалпақстан Республикасы көлемли жер ресурсларына ийе. Бирақ, ҳәзирги ўақытта суўғармалы дийханшылықта пайдаланылып атырған егислик жерлердиң майданы 408,5 мың гектардан артпайды.

Жыл сайын хожалықларда өндирилетуғын улыўма өнимниң 63 %и дийханшылық, 37 %и шарўашылық тараўларынан өндириледи. Солай етип, дийханшылық аўыл хожалығының тараўлық дүзилисиндеги тутқан аҳмийетли ҳәм жыл сайын өндирилетуғын өнимлердиң көлеми бойынша да басқада аўыл хожалық тараўлары ортасында ең жоқары салыстырмалы үлести ийелейди. Бирақ, деген менен ҳар қыйлы экологиялық ҳәм т.б. себеплерге байланыслы ҳәзирги ўақытта аўыл хожалығы тараўларында жетистирилип атырған өнимлер халықтың өсип баратырған талабын толық қанаатландыра алмай атыр.

**Дийханшылық** - Қарақалпақстан аўыл хожалығының тийкарғы тараўы болып, қолдан суўғарыў жолы менен иске асырылады. Сонлықтан суўғармалы жерлер пахта, салы, бийдай, овощ-палыз егинлери, бағшылық, жүзимгершилик және алмаслап егиўге тийисли дақыллар ҳәм от-шөп егинлери ушын пайдаланылады.

5-кесте

**АЎЫЛ ХОЖАЛЫҚ ЕГИНЛЕРИ МАЙДАНЫ**
**(барлық түрдеги хожалықларда; мың га)**

| | *2000* | *2001* | *2002* | *2003* | *2004* | *2005* | *2006* | *2007* | *2008* | *2009* | *2010* |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Барлық егин майданы** | **291** | **173,4** | **183,9** | **285,8** | **251,2** | **238,5** | **252,8** | **234,7** | **227,7** | **202,5** | **262,9** |
| соннан: | | | | | | | | | | | |
| дәнли егинлер | 114,9 | 36,3 | 52,8 | 132,9 | 92,9 | 82,2 | 94,5 | 86,7 | 80,0 | 56,4 | 100,2 |
| техникалық егинлер | 129,9 | 86,8 | 80,7 | 99,6 | 111,2 | 110,0 | 111,1 | 109,1 | 106,2 | 103,2 | 108,7 |
| олардан пахта | 129,8 | 83,4 | 74,0 | 91,5 | 102,9 | 104,0 | 106,7 | 106,2 | 102,8 | 99,8 | 101,0 |
| картошка ҳәм овощ-палыз егинлери | 16,3 | 11,6 | 12,2 | 13,7 | 13,0 | 11,5 | 14,8 | 14,6 | 18,1 | 18,9 | 18,6 |

| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| олардан: | | | | | | | | | | | |
| картошка | 1,8 | 1,3 | 1,3 | 1,5 | 1,9 | 2,0 | 2,1 | 2,2 | 2,9 | 3,4 | 5,9 |
| овощ | 7,3 | 4,6 | 5,1 | 5,8 | 5,5 | 5,1 | 7,4 | 7,4 | 8,7 | 8,2 | 6,8 |
| палыз егинлери | 7,2 | 5,7 | 5,8 | 6,4 | 5,6 | 4,4 | 5,3 | 5,0 | 6,5 | 7,3 | 5,9 |
| От-шөплик егинлер | 29,9 | 38,7 | 38,2 | 39,6 | 34,2 | 34,8 | 32,4 | 24,3 | 23,4 | 24,0 | 35,4 |

ҚР статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында дүзилди

Қарақалпақстанның аўыл хожалығы тийкарынан пахташылыққа қәнийгелестирилген ҳәм жыл сайын улыўма егислик майданының 1/3 бөлимине пахта егиледи. Пахта ең әҳмийетли техникалық егинлердиң бири болып, оның үлкен халық хожалық әҳмийети бар.

Қарақалпақстан Республикасы дүнья жүзиндеги пахта егиўши зоналар арасында ең арқада жайласқан аймақ, сондай болса да пахта жетистириў бойынша айырым мәмлекетлерден алда турады. Қарақалпақстанда екинши жер жүзлик урыстан кейинги жыллары пахташылықты раўажландырыў бойынша көлемли жумыслар алып барылды, пахтаның жоқары зүрәәтли, тез писер сортлары ислеп шығарылды. Бул республика көлеминде зүрәәтлиликти жоқарылатыў жолы менен өним жетистириўди көбейтиўге жол ашпақта.

Пахтаның зүрәәтлилигин арттырыўда механизацияның,химизацияның ҳәм мелиорацияның ролин күшейтиў белгили дәрежеде өнимниң көлминиң артыўына өз тәсирин тийгизбекте.

Республикамызда пахтаның егислик майданы кейинги жылларда 134 %ке артты ҳәм алынатуғын улыўма өнимниң муғдары да белгили дәрежеде көбейди.

6-кесте

## АЎЫЛ ХОЖАЛЫҚ ЕГИНЛЕРИНИҢ ӨНИМДАРЛЫҒЫ

(барлық түрдеги хожалықларда; мың тонна)

| | 2000 | 2001 | 2002 | 2003 | 2004 | 2005 | 2006 | 2007 | 2008 | 2009 | 2010 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ғәлле (ислеўден кейинги салмақта) | 95,1 | 49,7 | 105,3 | 260,0 | 212,2 | 201,6 | 286,5 | 302,1 | 214,6 | 235,9 | 231,4 |
| соннан: | | | | | | | | | | | |
| бийдай | 89,2 | 42,7 | 56,5 | 137,3 | 154,9 | 162,1 | 215,2 | 242,8 | 181,8 | 183,5 | 177,2 |
| салы | 14,2 | 1,1 | 36,0 | 114,0 | 43,9 | 25,7 | 55,5 | 42,0 | 15 | 33,7 | 36,6 |

| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| мәкке | 2,3 | 1,6 | 2,3 | 2,3 | 3,5 | 3,6 | 6,0 | 5,9 | 6,3 | 6,7 | 6,4 |
| Пахта | 125,4 | 109,6 | 72,6 | 88,0 | 184,1 | 212,6 | 193,7 | 196,1 | 165,8 | 182,0 | 188,0 |
| Картошка | 8,8 | 6,8 | 6,8 | 8,3 | 13,8 | 13,2 | 15,5 | 17,0 | 21,6 | 25,1 | 29,2 |
| Овощ | 33,4 | 30,7 | 37,7 | 45,0 | 52,9 | 49,8 | 88,5 | 99,6 | 119,5 | 124,8 | 134,1 |
| Палыз егинлери | 24,8 | 22,5 | 27,7 | 17,8 | 28,4 | 29,3 | 41,5 | 50,0 | 61,3 | 67,6 | 69,5 |

ҚР статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында дүзилди

Егерде 2000-жылда пахтадан алынатуғын улыўма өним 125,4 мың тоннаны қураса, 2005-жылға келип бул көрсеткиш 212,6 мың тоннаға көтерилди, ал 2010-жылы 188,0 мың тоннаға пәсейди. Зүрәәтлилик 2005-жылда 20,6 ц/га дан 2010 жылға 18,8 ц/га ға пәсейди. Буны тиккелей Арал дағдарысының ақыбети, жерлердиң мелиоратив аўҳалының пәсейгенлиги ҳәм соңгы жылларда тез-тез жүз берип турған суў тамтарыслығы ақыбетлери деп қараў керек.

Қарақалпақстанда пахташылықты раўажландырыўда республиканың қубла зонасында исленген илажлар бир қатар табыслы нәтийже бермекте. Бул зонаның көпшилик хожалықларында тәбийий-экономикалық шәраятлардан пухта пайдаланыў жолы менен жаңадан өзлестирилген жерлердиң мелиоративлик жағдайын жақсылаў, оларда механизация ҳәм химизацияның ролин күшейтиў, сондай-ақ мийнет ҳәм суў ресурсларынан нәтийжели пайдаланыўдың арқасында пахтадан жоқары зүрәәт алынбақта.

Сонлықтан пахтаның улыўма өними арқа зонаға қарағанда әдеўир жоқары. Буны төмендеги таблицадан көриўге болады.

7- кесте

**Қарақалпақстанда 1980-2010 жыллар ишинде пахта жетилистириўдиң баслы көрсеткишлери**

| Жыллар | Пахтаның егислик майданы, мың ға | Зүрәәтлилик, ц/га есабында | улыўма өним мың тонна есабында |
|---|---|---|---|
| 1980 | 133,7 | 32,2 | 430,2 |
| 1981 | 130,7 | 30,3 | 396,0 |
| 1982 | 130,2 | 33,0 | 436,0 |
| 1983 | 130,7 | 33,3 | 435,4 |
| 1984 | 188,0 | 18,6 | 348,8 |
| 1985 | 163,4 | 22,1 | 361,3 |
| 1986 | 172,0 | 20,8 | 358,2 |
| 1987 | 177,3 | 19,0 | 336,7 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1988 | 151,7 | 22,6 | 372,2 |
| 1989 | 162,1 | 22,9 | 369,0 |
| 1990 | 153,0 | 22,6 | 349,0 |
| 1991 | 149,6 | 19,5 | 285,8 |
| 1992 | 147,8 | 18,9 | 275,2 |
| 1993 | 149,3 | 21,4 | 318,6 |
| 1994 | 145,9 | 18,7 | 273,1 |
| 1995 | 145,5 | 19,8 | 288,1 |
| 2000 | 145,5 | 13,5 | 196,8 |
| 2005 | 104,0 | 20,6 | 212,8 |
| 2010 | 101,0 | 18,0 | 188,0 |

ҚР статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында дүзилди

Қарақалпақстанда пахташылықты буннан былайда раўажландырыў ҳәзирги иске асырылып атырған экономикалық реформалардың табыслы болыўына да байланыслы.

**Салыгершилик.** Қарақалпақстанда салыгершилик ең ески тараўлардың бири болсада, оның раўажланыўы, 1960-жыллардан кейин айтарлықтай өзгериске ушырады ҳәм Қарақалпақстан Өзбекстанның ең ири салыгершилик зонасына айналды. Ҳәзирги күнде республикамыз бойынша 36,6 мың тонна салы жетистирип берди.

Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап-ақ пахташылық, салыгершилик пенен бир қатарда Қарақалпақстанның барлық аймақларында бийдай егиле баслады ҳәм халық тез ўақыт ишинде бийдай егиўдиң технологиясын меңгерип алды. Дәслепки жыллары республика бойынша гектарынан 7-8 центнердан бийдай алынған болса, соңғы жыллары бул көрсеткиш 20 центнерден асты. 2010-жылы бийдайдың жалпы өними басқа дәнли егинлердиң ҳәммесинен жоқары болып, 177,2 мың тоннаны қурады. Ал келешекте бийдай Қарақалпақстандағы тийкарғы дәнли дақыл болып қалыўы мүмкин. Қарақалпақстанда суўғармалы егислик жерлердиң айырым бөлегин овощ ҳәм палыз егинлери, картофель ҳәм көп жыллық мийўе ағашлары ийелейди ҳәм олар тийкарынан ишки талапларға байланыслы раўажланбақта.

Қарақалпақстан Республикасы мазалы ҳәм сақлаўға шыдамлы қаўын сортларының ўатын есапланып (әсиресе қотыр бишек, түйе қаўын) таяр өнимниң әдеўир бөлимин республикамыздан шетке шығаратуғын болды. Орта әсирлерде мазалы қарақалпақ қаўынларын саўдагерлер Ҳиндистан, Қытай ҳәм Иранға тасыған болса, ал ҳәзирги ўақытта оны Россия ҳәм Қазақстанға шығармақта. Суўғарып егилетуғын зоналарда сондай-ақ қала әтирапы ҳәм үй қапталы қыйтақларында көп муғдарда дәнли егинлер: жүўери, мәкке, бийдай, тары, овощ-палыз егинлери: қаўын-ғарбыз, гешир, пияз, помидор, мәш, лобия, гүнжи, асқабақ, палаўқабақ егиледи. Бағшылық ҳәм жүзимгершиликте

Қарақалпақстанның аўыл хожалығының қәнигелескен тараўларынан есапланады. Қарақалпақстанда бағшылық ҳәм жүзимгершиликти раўажландырыў ушын үлкен мүмкиншиликлер бар, сонлықтанда республикамыз бойынша онлаған хожалық мийўе, жүзим өнимлерин өндиреди. Бағшылықта ерик, алма, алмурт жүдә кең тарқалған ҳәм тийкарғы тармақлар қатарына киреди.

8-кесте

**БАҒ ҲӘМ ЖҮЗИМЗАРЛАРДЫҢ МАЙДАНЫ, ЖАЛПЫ ӨНИМИ ҲӘМ ЗҮРӘӘТЛИЛИГИ**

(барлық түрдеги хожалықларда)

| | *2000* | *2001* | *2002* | *2003* | *2004* | *2005* | *2006* | *2007* | *2008* | *2009* | *2010* |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **Гектар** | | | | | | | | | | |
| Мийўе егинлери майданы | 4645 | 4041 | 3702 | 3605 | 3495 | 3767 | 4518 | 4561 | 4594 | 4603 | 4632 |
| соннан өним беретуғын жаста | 2862 | 2682 | 2734 | 2700 | 2651 | 2659 | 3192 | 3364 | 3223 | 3443 | 3984 |
| Жүзимзарлар майданы | 403 | 387 | 422 | 421 | 461 | 473 | 494 | 516 | 515 | 523 | 539 |
| соннан өним беретуғын жаста | 303 | 288 | 326 | 330 | 358 | 357 | 390 | 424 | 430 | 444 | 498 |
| | **Тонна** | | | | | | | | | | |
| Жалпы жыйын-терим | | | | | | | | | | | |
| мийўелер | 8959 | 8101 | 8684 | 7493 | 8034 | 9790 | 15091 | 16252 | 19720 | 21445 | 24717 |
| жүзим | 1434 | 1300 | 1398 | 1269 | 1676 | 1919 | 2160 | 2950 | 3215 | 3301 | 3466 |
| | **1 гектардан центнер** | | | | | | | | | | |
| Зүрәәтлилик | | | | | | | | | | | |
| мийўелер | 31,3 | 30,2 | 31,8 | 27,8 | 30,3 | 36,8 | 47,3 | 48,3 | 61,2 | 62,3 | 62,0 |
| жүзим | 47,3 | 45,1 | 42,9 | 38,5 | 46,8 | 53,8 | 55,4 | 69,6 | 74,8 | 75,2 | 69,6 |

ҚР статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында дүзилди

Соңғы жыллары республикамыздың дийханшылық тараўларының дүзилисинде овощ ҳәм палыз егинлери, сондай-ақ бағшылық ушын ажыратылған егислик майданлары өсти ҳәм улыўма өним жетистириў жоқарыламақта. Қарақалпақстанда от-жем егинлеринен жоңышқа, мәкке, жүўери, суўдан шөби, ләблеби егиледи.

Республикамызда жоңышқа ең әҳмийетли аўыл хожалық егинлеринен бири болып, оның раўажланыў тарийхына нәзер аўдарсақ, бул егин бизиң үлкемизде 2,5 мың жылдан бери белгили. Қарақалпақстан жүз жылдан асламырақ ўақыттан бери жоңышқа тухымын халық аралық базарға шығарып киятыр. АҚШ, Германия ҳәм Канада сыяқлы еллер бир пайытлары республикамыздан көп муғдарда жоңышқа туқымын сатып алды. Ҳәзирги ўақытлары да жоңышқа туқымына қарыйдар еллер көп.

Қарақалпақстан шәраятында жоңышқа алмаслап егиўге қолланылатуғын тийкарғы егин болып, жердиң кебир ашыўын болдырмайҳәм өнимдарлығын тәбийий жол менен арттырыў ушын да пайдаланылады. Республикамыз бойынша 2010-жылы от-жем егинлериниң майданы 35,4 мың гектарға жетти. Бирақ, соңғы жыллары от-жем егинлериниң майданы ҳәм олардан алынатуғын өним кескин төменлеп кетти. Нәтийжеде бул шарўашылықтың раўажланыўына ҳәм оннан алынатуғын өнимниң көлеминиң азайыўына өз тәсирин тийгизип атыр.

**Шарўашылық**. Мал шарўашылығы аўыл хожалығының екинши ири тараўы болып есапланады ҳәм халықты таза гөш,сүт, май ҳәм т.б. өнимлер менен санааттың айырым тараўларын шийки зат ресурслары менен тәмийинлеўде тийкарғы роль атқарады.

Қарақалпақстанда мал шарўашылығы тараўлары ерте ўақытлардан бери аўыл хожалығының ири тараўы сыпатында қәлиплести ҳәм раўажланды.

Республиканың кең көлемдеги жайлаўлары әсиресе Қызылқум, Үстирттеги шөлистанлы ҳәм Әмиўдәрья дельтасындағы жайлаўлар ири шақлы қара мал, жылқы ҳәм түйе өсириўшилик, сондай-ақ қой шарўашылығында пайдаланып келмекте. Республикада қусшылық, шошқашылық, тери беретуғын ҳайўанларды өсириў ҳәм балық өршитиў сыяқлы шарўашылық түрлериде қәлиплескен. Соңғы жыллары мал шарўашылығын раўажлантырыў бойынша үлкен жумыслар исленди. Сырттан тұқым маллар алып келиў арқалы малларды ҳасыллантырыў ҳәм ҳәзирги заман усылында малханалар саны көбейтилмекте. Жайлаўларды суўландырыў ҳәм беккем от-жем базасын дүзиў бойынша көп жумыслар иске асырылмақта. Бул ҳәм басқада илажларды иске асырыў маллардың бас санының өсиўине тәсир етпекте.

**9-кесте**

**Қарақалпақстанда шарўа малларының бас санының өсиўи, мың бас есабында**

| | *2000* | *2001* | *2002* | *2003* | *2004* | *2005* | *2006* | *2007* | *2008* | *2009* | *2010** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **Барлық түрдеги хожалықларда** | | | | | | | | | | |
| Ири шақлы қарамаллар | 382,6 | 398,9 | 400,9 | 422,7 | 443,7 | 450,5 | 600,9 | 665,7 | 678,6 | 715,8 | 759,8 |
| соннан сыйырлар | 161,3 | 161,8 | 163,8 | 174,0 | 182,9 | 189,9 | 209,4 | 219,0 | 224,0 | 237,8 | 254,2 |
| Шошқалар | 7,8 | 5,8 | 3,6 | 3,0 | 3,1 | 3,2 | 3,3 | 3,7 | 3,8 | 3,5 | 3,7 |
| Қой ҳәм ешкилер | 435,8 | 446,6 | 460,9 | 504,8 | 553,9 | 576,4 | 622,3 | 653,9 | 674,6 | 724,3 | 764,2 |
| Қуслар | 687,5 | 672,9 | 723,4 | 800,1 | 844,7 | 897,3 | 967,6 | 1093,1 | 1219,5 | 1383,7 | 1526,9 |
| Атлар | 16,2 | 15,5 | 15,1 | 15,6 | 15,8 | 16,2 | 16,6 | 17,2 | 17,8 | 18,3 | 18,5 |
| | **Фермер хожалықларында** | | | | | | | | | | |

| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ири шақлы қарамаллар | 19,0 | 23,3 | 25,2 | 31,2 | 34,3 | 38,9 | 39,6 | 41,0 | 44,2 | 42,4 | 39,2 |
| соннан сыйырлар | 6,2 | 7,0 | 7,7 | 9,4 | 10,6 | 12,2 | 12,4 | 13,0 | 14,4 | 14,1 | 13,9 |
| Шошқалар | 1,4 | 1,2 | 0,6 | 0,5 | 0,6 | 0,6 | 0,6 | 0,7 | 0,6 | 0,2 | 0,1 |
| Қой ҳәм ешкилер | 8,3 | 9,4 | 9,2 | 10,8 | 11,0 | 12,3 | 13,4 | 14,5 | 17,2 | 29,7 | 30,9 |
| Қуслар | 4,9 | 7 | 4,9 | 7,2 | 8,6 | 11,1 | 14,0 | 17,1 | 33,6 | 123,7 | 130,0 |
| Атлар | 1 | 0,9 | 0,9 | 1 | 0,9 | 1,3 | 1,3 | 1,5 | 1,6 | 1,7 | 1,8 |
| | **Дийхан хожалықларында** | | | | | | | | | | |
| Ири шақлы қарамаллар | 290,6 | 307,8 | 313,6 | 337,7 | 359,7 | 377,9 | 531,9 | 598,3 | 609,9 | 650,5 | 701,9 |
| соннан сыйырлар | 136,0 | 137,5 | 139,7 | 150,6 | 160,9 | 168,8 | 189,2 | 198,7 | 202,8 | 217,2 | 234,7 |
| Шошқалар | 0,4 | 0,4 | 0,5 | 0,6 | 1 | 1,8 | 2,3 | 3,0 | 3,1 | 3,4 | 3,6 |
| Қой ҳәм ешкилер | 285,2 | 293,6 | 204,9 | 342,5 | 372,4 | 388,9 | 420,4 | 452,0 | 466,5 | 506,6 | 582,0 |
| Қуслар | 589,7 | 586,5 | 616,4 | 692,4 | 743,7 | 812,9 | 862,9 | 984,4 | 1071,8 | 1161,2 | 1286,2 |
| Атлар | 10,1 | 10 | 9,8 | 10,4 | 11,1 | 11,7 | 12,4 | 13,2 | 13,7 | 14,3 | 14,7 |
| | **Аўыл хожалық кәрханаларында** | | | | | | | | | | |
| Ири шақлы қарамаллар | 73,0 | 67,8 | 62,1 | 53,9 | 43,7 | 33,7 | 29,4 | 26,4 | 24,5 | 22,9 | 18,7 |
| соннан сыйырлар | 19,1 | 17,3 | 16,4 | 14 | 11,4 | 8,9 | 7,7 | 7,3 | 6,9 | 6,5 | 5,6 |
| Шошқа | 6,0 | 4,2 | 2,5 | 1,9 | 1,5 | 0,8 | 0,4 | 0 | 0 | 0 | 0 |
| Қой ҳәм ешкилер | 142,3 | 143,6 | 146,8 | 151,5 | 156,5 | 175,3 | 188,5 | 187,4 | 191,0 | 188,0 | 151,3 |
| Қуслар | 92,9 | 79,4 | 102,1 | 100,5 | 92,4 | 73,2 | 90,7 | 91,6 | 114,1 | 98,8 | 110,7 |
| Атлар | 5,1 | 4,6 | 4,4 | 4,2 | 3,8 | 3,2 | 2,8 | 2,5 | 2,4 | 2,4 | 2,0 |

ҚР статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында дүзилди

Қарақалпақстанда тәбийий жайлаўлар ҳәм суўғарылып егилетуғын от-жем егинлериниң майданы әдеўир көп болыўына қарамастан шарўа малларының бас саныеле көбеймей атыр, ал усы көрсеткиш бойынша Қарақалпақстанннның Өзбекстан Республикасындағы салыстырмалы үлесиде жүдә айтарлықтай емес. Айырым мал шарўашылық тараўларында шарўа малларының бас санының өсиўи шарўашылық өнимлерин көбейтиўге жол ашты. Мысалы, 2010 жылларға келе 1990 жылларға салыстырғанда гөш өндириў (сойылған салмағында) 143,2 процентке, сүт өндириў 129 процентке көбейсе, ал қаракөл терилерин таярлаў 98 процентти қурайды, деген менен республикада маллардың бас санын көбейтиў ҳәм ҳәр бир маллардан алынатуғын өнимди көбейтиў мүмкиншиликлери де аз емес ҳәм шарўашылықтағы мол резервлер еледе болса өндирис айналасына толық қосылмай атыр.

Қарақалпақстан Өзбекстан Респбуликасындағы суўғармалы дийханшылыққа қәнигелескен ири регионлардан есапланады ҳәм бул жерде кең көлемдеги жайлаўлар жайласқан. Статистикалық мағлыўмат бойынша Қарақалпақстан Өзбекстан Республикасының 29,6 проценттей суўғармалы дийханшылыққа жарамлы жер фондын ҳәм мал жайлаўларының ярымын ийелейди. Бул алдағы ўақытта Қарақалпақстанда мал шарўашылығын раўажландырып ҳәм оннан өндирилетуғын шарўашылық өнимлеринин көлемин көбейтиўге мүмкиншилик береди.

10- кесте

**ТИЙКАРҒЫ ШАРЎАШЫЛЫҚ ӨНИМЛЕРИН ЖЕТИСТИРИЎ КӨРСЕТКИШЛЕРИ**

(барлық түрдеги хожалықларда; тонна)

| Жыллар | Гөш (тири салмақта) | Сүт | Мәйек, мың дана | Жүн (физикалық салмақта) | Қаракөл териси, мың дана |
|---|---|---|---|---|---|
| *2000* | 38995 | 126090 | 20554 | 461,9 | 58,7 |
| *2001* | 36373 | 121173 | 15760 | 478,0 | 54,0 |
| *2002* | 36337 | 119151 | 18467 | 482,9 | 48,4 |
| *2003* | 38461 | 126606 | 27168 | 532,6 | 52,2 |
| *2004* | 40499 | 130445 | 27266 | 563,2 | 52,4 |
| *2005* | 42103 | 133213 | 29182 | 591,8 | 53,8 |
| *2006* | 45207 | 143728 | 29606 | 635,2 | 54,4 |
| *2007* | 46640 | 146619 | 32192 | 676,3 | 56,9 |
| *2008* | 50365 | 159014 | 38682 | 747,8 | 60,2 |
| *2009* | 54198 | 171255 | 40542 | 790,7 | 64,9 |
| *2010* | 58881 | 183554 | 45998 | 861 | 68,5 |

ҚР статистика басқармасы мағлыўматлары тийкарында дүзилди

Алдағы ўақытлары мал шарўашылығында ҳасылландырыў жумысларын жақсы жолға қойыў шарўашылықта пайдаланылатуғын тәбийий отлақларды реконструкция жасаў ҳәм суўғарып егилетуғын зоналарда алмаслап егиў ушын пайдаланылатуғын дақыллар жоңышқа, мәкке, жүўери ҳәм т.б. дақыллардың есабынан топланған от-жем тийкарында гөш, сүт жетистириўди көбейтиў мүмкиншиликлери бар. Бирақ, Қарақалпақстанда мал шарўашылығының ҳәзирги раўажланыў дәрежеси халықтың өсип баратырған талапларын ҳәм санаатың айырым тараўларының шийки зат ресурсларына деген талабын толық қанаатландырады деўге болмайды. Сонлықтан алдағы перспективада мал шарўашылығының кескин раўажландырыў ҳәм өним өндимдарлығын арттырыў ең кешиктирилмейтуғын баслы ўазыйпалар қатарына киреди.

Қарақалпақстанның тәбийий шараятлары аўыл хожалығын раўажландырыў ушын, әсиресе суўғармалы дийханшылық ҳәм мал шарўашылығын кескин көтериў ушын үлкен

мүмкиншиликлерге ийе. Республикамызда вегетациялық дәўирде +10°тан жоқары температурағы ийе күнлер, қубла зонада 201-207күнди, арқа зонада 179-186күнди, ал нәтийжели температуралардың жыйындысы қубла зонада 2400-2500°С болса, арқа зонада 1865-1891°С ты қурайды. сонлықтан республиканың климат шәраятындағы усы айырмашылықлары есапқа ала отырып аўыл хожалығы тармақларын районластырыўға өтиў мақсетке муўапық келеди.

Солай етип, Қарақалпақстанда аўыл-хожалығын раўажландырыў ушын исек асырылған илажлар ҳәм усы тийкарында бул тараў бойынша қолға киргизилген табыслар еледе үлкен көлемдеги машқаларды талап етеди. Усыған сәйкес ҳәзирден баслап-ақ төмендеги илажларды иске асырыў зәрүр.

1. Суўғармалы дийханшылықтан алынатуғын өнимлердиң көлемин көбейтиў ушын тийкарғы өндирис қуралы ретинде жер ресурсларынан рационал пайдаланыў;

2. Ирригация системаларын реконструциялаў ҳәм суўғарыўдың пайдалы режимлерин қолланыў, коллектор-дренаж тараўларын раўажландырыў арқалы жерлердиң мелиоративлик жағдайын түп-тамырынан жақсылаўға ерисиў;

3. Егислик жерлердиң минерализацияланыў дәрежесине қарай минерал ҳәм органикалық төгинлерден рационал пайдаланыўды тәмийинлеў;

4. Аўыл хожалығында илимий-техникалық прогресстиң жетискенликлеринен кеңнен пайдалана отырып мийнеттиң өнимдарлығына ерисиў ҳәм өнимниң өзине түсер баҳасын барынша арзанластырыўға ерисиў;

5. Жаңа экономикалық реформа талапларына муўапық дийханшылық тараўларында егислик жерлердиң структурасына өзгерислер киргизиў, әсиресе ғәллешиликти раўажландырыўға айрықша итибар бериў;

6. Аўыл хожалығында пахтаның үстемлик (монополик) дәрежесин шеклеў;

7. Аўыл хожалығында ишки режелерден кеңнен пайдалана отырып, өндирис тараўларын зоналық принцип тийкарында районластырыў машқалаларын шешиў ҳәм тәбийий-экономикалық зоналардың өзгешеликлерин есапқа ала отырып, дийхиншылық тараўларын аймақлық шөлкемлестириўди жетилистириўге ерисиў;

8. Суўғарыў системаларынан пайдаланыў коэффицентлерин жоқарылата отырып суўдың бийысырап болыўын қысқартыў ҳәм жаңа суўғарыў технологиясын кеңнен қолланыў жолы менен дийханшылықта.

9. Мал шарўашылығы тараўында жайлаўларды реконструкциялаў ҳәм суўғарыўдың илажларын кеңейтиў арқалы беккем от-жем базасын дүзиў ҳәм ветеренариялық хызмет

көрсетиў жумысларын түп-тамырынан жақсылаў жолы менен маллардың өнимдарлығын арттырыўға ерисиў.

## III.2. Аўыллық орынлардың өндириўши күшлерин раўажландырыўды жеделлестириў ҳәм экономикалық районлардың хожалық структурасын оптимизациялаў машқалалары

Базар қатнасықлары талапларына сәйкес регионаллық экониканы жүргизиў административлик тизим дәўиринде қарағанда түптен өзгермекте. Регионлық хожалықта базар қатнасықлары раўажланған сайын кәрханаларыдың өндирислик еркинлиги күйешип санаатлық қуўатлықларды жайластырыўда регионаллық факторлардың тәсири күшеймекте. Бул бир тәрептен кәрханаларды белгили территорияларда жайластырыўда ҳәм олардың өндирислик функцияларына толық басшылық хожалықтың социал-экономикалық мүтәжликлерин толық есапқа алыўда талап етеди. Бундай шараятта кәрханалардың оптималлы жайласыў критерияларын регионаллық социаллық - эконикалық факторлар белгилейди. Региондың базар қатнасықларына сәйкем функциясын кеңейтиў ҳәм кәрханаларды өзин-өзи финанс қаржылары менен тәмийнлеў ҳәм оны өтеў режелерин қәлиплестириў өндирис тараўларын жайластырыў процессинде эконикалық характер бермекте. Бул шараятта жергиликли органлар халықтың турмыс жағдайын жақсылаў ушын ҳәзирги заманға кәрхана ҳәм цехларды олардың экологиялық тепе-теңлигин сақлаў мәселесине айрықша итибар бериўи тийис. Бул ҳәм тағы басқа да шараятлар өндириўши күшлерди раўажландырыўда өндириўши күшлердиң раўажландырыўда социаллық факторлардың ролин күшейтиўди талап етеди.

Өзбекстан Республикасында өндириўши күшлерди раўажландырыў ҳәм экономикалық потенциясына байланыслы оның экономикалық раўажланыў стратегиясында ең баслы орынды халықты тутыныў товарлары менен барынша толық тәмийнлеў мәселеси ийелейди. Бул мәселени табыслы шешиў ҳәм оны турмысқа асырыўда халық хожалығы комплексиниң аймақлық структурасын жетилестириў арқалы агросанаат комплексиниң материаллық-техникалық базасын беккемлеў әҳмийетли орын тутады. Бул мақсетлер ушын соңғы жылларыкең көлемдеги инвестициялар бөлинбект, оның көлеми 1999 жылдың өзинде 2005 80,8 млрд сумды қурады. Кейинги жыллар ишинде Әмиўдәрья Түйемойын, Тахиатас гидроузели, суўенли, Қызкеткен, Пахта арна, кызышниязбай суўғарыў каналлары қайта реконструкцияланды. Жеңил ҳәм азық-аўқат санаатының ең ири орайлары, сондай-ақ Орайлық Азия еллериндеги ең ири химия санааты кәрханаларының бири Қоңырат сода комплекси дүзилди. Бул ҳәм басқа реал

экономикадағы алға илгерилеўлер И.А.Каримов басшылығында исленген концепциялар тийкарында алып барылмақта. Усыған байланыслы ислеп турган өндирислик потенциалдан нәтийжели пайдаланыў менен бир қатарда Республикада өндириўши күшлерди кеңнен раўажландырыўдың масштабы Қарақалпақстанда –да жолға қойылмақта. Келешекте пахташалықты интенсив раўажландырыў менен бирге шарўашылық, сондай-ақ овощ ҳәм бағшылықты тез пәт пенен раўажланыдырыў иләжлары көрип шығылмақта. Регионлардың, соның ишинде Қарақалпақстан Республикасы халқын биринши гезектеги тутыныў өнимлер менен тәмийнлеўдеги ролин есапқа ала отырып агросанаат комплексин өз-ара байланыслы ҳәм избе-из раўажланыдырыў мәселеси ислеп шығылады. Усыған байланыслы бул тараўды раўажландырыў ушын көлемли инвестициялар жумсалады ҳәм оның жумағы аўыл хожалығы өндирисиниң материаллық-техникалық базасын беккемлеўге жол ашады. Усы махсетлерди гөзлеп аўыл-хожалығы техникасының сыпатын жақсыланыўы менен бирге ҳәр қыйлы компоненттеги минерал төгинлерди жеткериў көлеми артады.

Елимиздиң аграр сиясатын орынлаўда Қарақалпақстан Республикасының қосатуғын үлеси артады, бул әсиресе халық хожалығының баслы салахиятлы тараўы пахташылық пенен бир қатарда аўыл – хожалығының басқада тараўларын раўажландырыў машқалалары менен байланыслы шешилетуғын болады. Пахташалық Қарақалпақстан Республикасы шараятында халық хожалығының баслы тараўы статусын сақлап қалады. Бул мәселелерди ис жүзине асырыў дийханшылықтың басқа да тараўларын раўажландырыў арқалы туўры яки жанапай дәрежеде азық-аўқатлық өнимлерди көбейтиў жолы менен иске асырылады. Пахташалық тийкарынан тоқымашылық санаатын шийки зат өнимлери менен тәмийлейтуғын ролди атқарсада, бул тараўдың өнимлери қайта ислеў мапазында көп санлы басқа санаат тараўларын раўажландырыўда шийки зат бола алады. Мәселен майи ислеп шығарыўға пайдаланылатуғын шигит екинши бир мапазда ал мал шарўашылығы ушын от –жем менен тәмийинлеп гөш –сүт өнимлерин жетистириў дерегин қурайды. Солай етип, пахташылық хожалықларында аўыл-хожалығы комплексли бағдарда қурыў ҳәм раўажландырыў базар қатнасықлары шараятында ҳүкиметимиз тәрепинен турмысқа асырылып атырған аграр сиясатта иске асырыўдың тийкары болып есапланады. Пахташалық пенен бир қатарда ғәлле өнимлерин көбейтиў, гөш-сүт, овощ, миййе өнимлерин жетилистириўдиң жаңаша вариантлары қарастыралады. Аграр реформаның баслы ўазыйпаларына сәйкес жақын келешекте ғәлле таярлаўдың көлеми 500 -524 мың тоннаға көбейтиледи. Бул сиясат бәриненде бурын суўдан пайданаыўдың жаңаша технологияларын енгизиў ҳәм аўыл хожалығы егинлериниң майданын кеңейтиў

жолы менен иске асырылыўы мүмкин. Усыған сәйкес овощ ҳәм бағшылық өнимлерин жетистириўдиң көлеми 2015 жылларда 2,8 есеге, ал жүзим өнимлери-3,5 есеге көбейеди. Сондай-ақ, жақын жыллар ишинде картошка өнимлери менен халықты толық тәмийнлеў имканиятлары шешиледи.

Пахташалықта алмаслап егиў схемасына сәйкес көп ғана от-шөплик өнимлер топланады. Буннан басқа мал шарўашылығы менен шуғылланатуғын зоналларда от-шөп егинлердиң майданын кеңейтиў ҳәм мал шарўашылығына қәнигелескен хожалықларды көбейтиў, ҳәттеки шарўашылық пенен шуғылланатуғын районларды шөлкемлестириўге жол ашады. Бул алдағы ўақытта Қарақалпақстанда шарўашылық тараўларын раўажландырыўға үлкен мүмкиншиликлер дүзеди. Нәтийжеде 2015 жылларға келип гөш жетислистириўдиң көлеми 59,1-67,0 мың тоннаға, сүт жетистириўди 298,7 мың тоннаға көбейтиўи мүмкин, яки 2000 жылға салыстырғанда гөш жетистири 2,3 есеге, ал сүт таярлаў 4,3 есеге көбейеди. Солай етип, Қарақалпақстанда 1980 жылларда қолға киргизген көрсеткишлер тәмийнленеди ҳәм Өзбекстан көлеминде көрнекли шарўашылық регионлардың бирине айланады. Бул бәринен бурын халықтың аўыл-хожалығы өнимлерине болған талапларын тәиийнлеўге имкан береди.

Қарақалпақстанда алдағы ўақытта аўыл-хожалық өнимлерин көбейтиў ушын көп резервлер бар. Тек арқа районның көлеминде дийханшылық, от-шөплик егинлерди егиўге қолайлы 1 млн гектардан аслам жер фонды бар, суўды аз талап ететуғын егинлердиң егислик майданын көбейтиў көп қурамалы мәселелердишешиўине жол ашады. Пахташалықты раўажландырыў нәтийжесинде 2015 жылларға келип пахта жетистириў жылына 300 -310 мың тоннаны қурайтуғын болады. Ал палыз өнимлери жетистириў 2,9 есеге, мийўе ҳәм жүзм жетистириў 5 есеге көбейеди. Солай етип, агросанаат комплексин бир тутас экономикалық шөлкемлестириў жағынан коорперация жасаў экономикалық реформаны табыслы орынлаўдың базар қатнасықларына тийкарланған ең тийкарғы жолы болып есапланған ең тийкарғы жолы болып есапланады. Солай етип, агросанаат комплексин усы жоқарыда көрсетилген базарда шөлкемлестириў ҳәзирдиң өзинде-ақ нәтийже берип атыр.

Бизге мәлим болғанындай аўыл-хожалығы өзиниң раўажланыў басқышларында суў хожалығы, коммунал турақ-жай қурылысы, жол қурылысы, қайта ислеп шығаратуғын санаат тараўлары, кадрлар таярлайтуғын мекемелер, илим-изертлеў орайлары, проектлеў-жобалаў институтлары менен де тығыз байланыслы. Булыр арасында байланыс ҳәм жумысларды шешиў қәншелли жоқары рәўиште шөлкемлетирилсе өндирис комплексиниң ақырғы жуўмақларыда соншелли жақын нәтийже береди.

Бизге мәлим, 1990-2000 жылларда аўыл-хожалығы коорпорациясына киретуғын тараўлар бирлестирилип өндирислик байланыслары беккемленди, олардың өз-ара тармақларын тутастыратуғын ири – ири суў хожалық бирлеспелери дүзиледи. Суў хожалық бирлеспелерине киретуғын кәрханалардың қуўатлықлары беккемленеди. Олар ҳәр жылы мыңлаған гектар инженерлик усылда жаңа егислик майданларды өзлестириў, көплеген жаңа турақ жай имаратларын қурыў имканиятларын ийе болды. Деген менен, жоқарыдағы иске асырыўға тийисли жәмийетлик өндиристи интенсификациялаўга бағдарланған иләжлар ҳәм басқа да машқалалар, әсиресе жаңа районларда санаат тараўларын дүзиў, финанс-кредит ҳәм социаллық тараўларды раўажландырыў менен биргеликте алып барылса ғана иске асыўы мүмкин. Усыған байланыслы аўыл-хожалығын интенсивли раўажландырыўға байланыслы режелер социаллық бағдардағы көп санлы объектлерди қурыў, әсиресе социаллық инфраструкруралар ды иске қосыў менен байланыслы алып барылмақта.

Усыған сәйкес, алдынғы ўақытларда үлкен көлемдеги жумыслар тәбийий – экономикалық районларда агро санаат комплексин раўажландырыўға қаратылып атыр. Себеби санаат тараўларын раўажландырыў республика экономикасының ең тийкарғы ўазыйпасы деп белгиленип отыр. Бул мәселеде раўажланған мәмлекетлер тәжрийбеси ҳәм олардың санаат тараўларындағы алға илгерлеўиндеги ерискен қәдемлер дүнья жүзлий экономикалық раўажланыўдың гилти сыпатында көзге тутылмақта ҳәм оны иске асырыўдың жоллары белгиленип отыр.

Ҳәзир Қарақалпақстан Өзбекстан Республикасының ең бай тәбийий минерал-ресурсларына ийе, районлары ҳәм елимиздиң 37 %ин территориясын ийелеўине қарамастан оның Өзбекстан халық хожалығы структурасындағы орташа салыстырмалы үлеси жүдә төмен есапланады. Буның 7 - кестедеги мағлыўматларданда көриўге болады.

**11 - кесте**

**Қарақалпақстан Республикасының Өзбекстан экономикасындағы тутқан орны ҳәм роли**

| Көрсеткишлер | Өзбекстан Республикасы бойынша | | | Соннан Қарақалпақстан | | | Қарақалпақстанның Өзбекстанға салыстырғанда үлеси, % есаб | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1995 жыл | 2000 жыл | 2005 жыл | 1995 жыл | 2000 жыл | 2005 жыл | 1995 жыл | 2000 жыл | 2005 жыл |
| Халқы млн. адам | 22,0 | 25,0 | | 1,4 | 1,5 | | 6,3 | 6,1 | |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Жалпы ишки өним | 298,5 | 2048,4 | 15210,4 | 16,7 | 77.5 | 426,1 | 5,6 | 3,8 | 2,8 |
| Санаат өнимлери | 419,1 | 1303,3 | 10913,4 | 14,3 | 27,1 | 149,5 | 3,4 | 2,1 | 1,4 |
| ТНТ өними бойынша | 77,4 | 655,1 | 2945,1 | 6,1 | 21,3 | 50,8 | 7,9 | 3,3 | 1,7 |
| Аўыл хожалығы өними | 123,6 | 833,0 | 5995,5 | 0,5 | 39,9 | 169,5 | 5,6 | 4,1 | 3,1 |
| Инвестиция | 88,9 | 503,2 | 3012,9 | 3,8 | 32,3 | 130,7 | 4,2 | 6,4 | 4,3 |
| Саўда байланысы бойынша | 106,7 | 655,1 | 5736,8 | 3,4 | 36,2 | 163,9 | 3,3 | 5,5 | 2,9 |
| Пуллық хызмет бойынша | 17,0 | 122,6 | 1609,7 | 0,3 | 2,0 | 38,4 | 1,8 | 1,6 | 2,4 |

11- кестедеги мағлыўматларға қарағанда Қарақалпақстанның орташа Республикалық көрсеткишиндеги үлеси еле де басл дәрежеде екенлигин байқалады. Санааттың баслы бағдары тек аўыл хожалық өнимлерин қайта ислеп шығарыў менен шекленип, бул тараўда өндирилген өнимлер Республика санаатында жетистирилетуғын жыллық өнимниң 69-73% тен ийелейди. Сонлықтан санааттың ҳәзирги қалиплескен тараўлық структурасын өзгертиў ҳәм алда турған ўазыйпаларды перспективада шешиў ушын республика санаат тараўларын оптимизациялаўдың баслы бағдарлары ислеп шығылды ҳәм оның мазмуны төмендегише:

Қарақалпақстан Республикасында санаат комплексин раўажландырыўдың биринши этабы 1993 -2000 жылларға мөлшерленди ҳәм бул дәўир ишинде тийкарынан бир орайға шөлкемлестирилген бурынғы структура кем-кемнен административлик командадан ажратылып соң өзлестирилген кәрханалардың структурасына айландырылды ҳәм базар қатнасықларының орталығына өткерилди. 1993 жылдан баслап 1998 жыллар аралығында Республикада акционерлик жәмийет тийкарында дүзилген «КАТЕКС», «Жергиликли санаат», «Қарақалпақ балық», «Қарабайлы гүриш», «Хожели гүриш», «Хожели Текстиль» ҳәм тағы басқа кәрханалар бой тикледи. Бул кәрханалар мекшиклестириўдиң ҳәр қыйлы формаларын таңлап алыўы көп укладлы экономиканы дүзиўге ҳәм бәсекелик шараятқа шыдам беретуғындай өндирислик орталықты дүзиўге мүмкиншилик жаратты. Солай етип, Қарақалпақстанда санаат комплексин раўажландырыўдың биринши этабында санаат кәрханаларын мекшиклестириўди шеклеў ҳәм жеке санаат кәрханаларын дүзиў басланды. Жергиликли шийки зат базасы тийкарында ислейтуғын қуўатлы кәрханалар пайда болды. Булардың қатарына АПК структурасына киретуғын бир қанша аўыл хожалық өнимлерин

кайта ислеп шығаратуғын кәрханалар ҳәм қурылыс санааты қараўындағы өндирислик бирлеспе ҳәм санаат орайларын атаўға болады.

Елимиздиң экономикалық потенциалын күшейтуғын басқышпа-басқыш иске асырыў (2001-2007) жылларында таза санаат объектлерин қурыў, ири-ири өндирислик кәрханаларды қайта иске асырылды. Санаат тараўын раўажландырыўдың бул баскышында жергиликли шийки зат базасында ислейтуғын кәрханалар қурыў ҳәм олардың бәсекелесиў шараятын дүзиў ҳәм раўажландырыўға айрықша итибар берилди. Бул сиясат ири санаат объектлерин қурыўға кеткен инвестициялардың тез өтелиўин көхде тутылды ҳәм олардың тийкарғы объектлери етип аўыл – хожалығы өнимлери базасында ислейтуғын азық-аўқат ҳәм жеңил санаат кәрханалары сайлап алынды. Усыған сәйкес Шымбай, Шоманай районларында пахта тазалаў кәрханалары, май заводлары, сондай-ақ бурынғы ислеп турған Беруний, Манғыт тохымашылық кәрханалары қайта тамырланды. «ЕЛТЕКС» акционерлик жәмийети дүзилди. Әмиўдәрья районы аймағында коллектор – дренаж тармақлары ушын изоленталар таярлайтуғын өндирис орайы, ал орайлық зонада боян тамыр өнимлерин қайта ислеў ҳәм шетке шығарыў жумысларын шешетуғын ҳәм шөлкемлестиретуғын өндирислик бирлеспе дүзилди.

Қарақалпақстанда агросанаат комплексин жедалли раўажландырыўдың үшинши басқышы 2008-2015 жылларды өз ишине алып, бул дәўир Республикасында агро санаат комплексин раўажландырыўдың ең шешиўши жыллары болады. Бунда аўыр индустрия тараўларын дүзиў, раўажландырыўға айрықша итибар бериледи. Усыған сәйкес химия, металлургия, электротехника ҳәм машина жасаў санаат тараўлары дүзилди. Буларды раўажландырыў ушын Республикада имканиятлар бар. Үстирт газ ҳәм нефть байлықлары, Қусханатаў мираблити, Қаратаў реңли ҳәм қара металл шийки затлар тек Қарақалпақстан ушын емес ал қоңсы еллер ушында өним таяплайтуғын болады. Бул тараўларды дүзиў ушын Өзбекстан үлкен инвестицияларға ийе, оған Республиканың индустриал раўаланыўын тезлестиўге бағдарланған программасында көрсетилген иләжларда мысал болады.

Бул баскыш келешекте химия санаатн раўажландырыў, сондай-ақ аккумлятор заводы, Тахиатас электро станциясының 8-қуўатларын орнатыў, Қаратаў санаат районында жоқары қуўатлы газ отынында ислейтуғын жыллылық электро станцияларын дүзиў нәзерде тутылмақта. Бул үлкен көлемдеги жобалар республика халық хожалығының тараўлық структурасын жетилистиретуғын сөзсиз (12-кесте).

Базар қатнасықлары талабына муўапық Қарақалпақстанда өндириўши күшлерди раўажландырыў ҳәзирги заманағой жол қатнас ҳәм коммуникация тараўларын дүзиўди

талап етеди. Бул Республикада товар айланысын тезлетиў ҳәм халықтың күнделикли талапларын шешиў мәселелерин

**12-кесте**

**Қарақалпақстан Республикасының тәбийий экономикалық районларының хожалығының аймақлық дүзилиси хәм оның раўажланыўының жеделлесиўин прогнозлық бағдарлаў**

| | | Халық саны | | Экономикалық районлардың тийкарғы хожалық көрсеткишлери бойынша салыстырмалы үлеси % есабында | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Тәбийий Экономикалық районлар | Майданы | Мың адам | % есабында | Жалпы ишки өним көлеми | Соннан санаат өним-лери | Аўыл-хожалығы ушын жер фонды | Соннан егин майданы | Пахта жетистириў | гәлле жетис-тириў | Ири қара мал бас саны | Қой ешкилер бас саны |
| **2011 жыл** | | | | | | | | | | | |
| Қубла районы | 16,8 | 590,7 | 37,5 | 36,3 | 23,4 | 26,0 | 27,8 | 54,4 | 17,3 | 44,1 | 37,5 |
| Орайлық районы | 4,0 | 659,4 | 41,9 | 41,4 | 39,0 | 17,2 | 36,9 | 30,1 | 31,5 | 31,6 | 23,8 |
| Арқа районы | 108,6 | 296,4 | 18,8 | 22,1 | 27,5 | 54,1 | 32,9 | 15,5 | 60,8 | 21,5 | 37,4 |
| Арал (теңиз бойы)р/ны | 37,2 | 28,5 | 1,8 | 0,2 | 0,1 | 2,7 | 2,4 | - | 0,4 | 2,3 | 1,3 |
| Жәми: | 166,6 | 1575,0 | 10,0 | 100,0 | 100,0 | 100,0 | 100,0 | 100,0 | 100,0 | 100,0 | 100,0 |
| **2015 жыл** | | | | | | | | | | | |
| Қубла районы | 16,8 | 612,8 | 36,3 | 37,6 | 27,4 | 34,0 | 33,7 | 70,0 | 19,2 | 44,8 | 31,1 |
| Орайлық районы | 4,0 | 698,1 | 41,2 | 34,4 | 51,3 | 31,8 | 32,2 | 24,0 | 20,3 | 23,1 | 16,9 |
| Арқа районы | 108,6 | 651,6 | 20,8 | 26,5 | 20,5 | 28,1 | 31,3 | 6,0 | 57,1 | 31,1 | 51,1 |
| Арал (теңиз бойы)р/ны | 37,2 | 27,5 | 1,6 | 1,5 | 0,8 | 6,2 | 1,8 | - | 3,4 | 1,3 | 0,9 |
| Жәми: | 166,6 | 1690,0 | 10,0 | 100,0 | 100,0 | 100,0 | 100,0 | 100,0 | 100,0 | 100,0 | 100,0 |

есапланады. Усындай ең әҳмийетли машқалалардың бир темир жол транспортын раўажландырыўға итибар берилмекте.

1. Усыған сәйкес келешекте биринши баслы бағдарлар есабында Нөкис-Султан Уайс темир жол линиясын қайта оңлаў ҳәм оны Учқудық бағларындағы темир жол линиясына тутыстырыўда 2 жоллы темир жол линияларын әмелге асырыў, бул арқалы жүк ҳәм жолаўшы тасыў көлеми артады. Буның әмелге асыўы менен Республиканың раўажланыўында үлкен бурылыслар болады. Сонлықтан оның әҳмийети оғада үлкен.

2. Қарақалпакстан Республикасы шараятында экономикалық раўажландырыўдың екинши баслы бағдары жол қатнас ҳәм жоқары пәт пенен иске түсирилиўи менен байланыслы болып, булар бәринен бурын Шымбай –Қоңырат, Үргениш-Қоңырат-Бейнеў темир жолларын интенсив пайдаланыў менен тиккелей байланыслы.

3. Республика экономикасын раўажланыдырыўда үлкен халық хожалықлық әҳмийетке ийе мәселелердиң бири автомобиль-транспортының экономикалық нәтийжелилигин арттырыў менен тиккелей байланыслы. Оны раўажландырыў заман талапларына сәйкес қайта тамырланыўы. Автомобиль транспорты кәрхана ҳәм мәдений орайлардың арасындағы байланысларды шешиў менен шекленбестен ол тиккелей үлкемиздиң экономикасын қайта қурыўға ҳам оның айрым тараўларын тез пәт пенен раўажландырыўға үлкен мүмкиншиликлер жаратады.

4. Келешекте төменги Әмиўдәрья административлик районларында саўда – экономикалық байланысты күшейтиўге айрықша итибар бериледи. Бул баслы бағдар ҳәзирги ўақыттың өзинде-ақ актуаллығын көрсетип отыр ҳәм бул мәселени шешиўде алға илгерлеўлер көзге тасланбақта.

5. Бизиң дәўиримизде мийнет ресурсларының молшылығын дүзиў оның приоритетин тиклеў ҳәм мийнет ресурсларынан рационаллы ҳәм интенсивли пайдаланыў қолайлы мийнет шараятын дүзиўге де тиккелей байланыслы. Соның ушын ең әҳмийетли иләжлардың бири турақ –жай мәселесин шешиў, ден-саўлық орайларын қурыў, халыққа сервислик хызмет көрсетиў, саўда, мәдений орайларын дүзиў ҳәзирги заман инфраструкутуралырн раўажландырыўға жол ашады. Бул халық ушын жәмийет тәрепинен үлкен көлемдеги ғамхорлық болып, елимиздиң буннан былай да гүллениўине дерек береди.

Ҳәзир Қарақалпақстан қурылысшылары Ташкентлилердиң бай тәжрийбелерин үйренип, регионлық бағдардағы режеге сәйкес қурылыс масштабын кеңейтпекте. Олар қурылысшы ҳәм шөлкемлестириўши сыпатында, қурылысқа тийисли қаржының 94,6% ин өзлестириўге ериспекте. Республикада 2010 жыл ақырына 24826,9 мың квадрат метрден

аслам турақ жай қурылысын питкерилди. Соннан аўыллық орынларда 13455,1 мың кв метри қурылған. Усы менен бир қатарда соңғы жыллары жеке адамлардың есабынан бөлинген қаржыларды көбейтиў, соның есабынан социаллық объектлерди дүзиў иске асқанын атап өтиў зәрүр.

Социаллық инфраструктураларының белгили элементлериниң бири турмыслық хызмет көрсетиў ҳәм саўда тараўлары болып, бул сферада жумыста барынша жоқарылатыў ҳәм ески хызмет көрсетиў тараўларын қайта тамырлаў регионаллық аспекттеги жумыслардың сәтли шешиўине жол ашады.

Халықтың турмыс дәрежесин жақсылаў бәрининде бурын халыққа хызмет көрсететуғын тараўларды раўажландырыўға тиккелей байланыслы. Бул тараўдағы келешеклер ескиликтиң қалдығы яғный усы тараўға бөлинген қаржылардың көп жағдайларда «қалдық принципке» тийкарлана отырып исленгенлиги есапланады. Сонлықтан алдағы перспективада инфраструктураны раўажландырыўға қаратылған, принциплерди басшылыққа алыў, халыққа хызмет көрсететуғын раўажландырыўдың бирден-бир сыналған жолы болып есапланады.

6. Қарақалпақстан Республикасы шараятында район аралық байланысларды беккемлеўде кешиктирмейтуғын ўазыйпалар қатарына киреди. Солай етип, социаллы сфераға киретуғын иләжларды алдынғы орынға шығарыў халықтың мәдений талапларын шешиўге кепиллик береди.

7. Республикада алдағы ўақытларда аўыллық жерлердиң өндириўши күшлериниң тез пәт пенен раўажланыўын тәминийлеў ҳәм регионаллық экономиканың өсиў пәтин тезлетиге қаратылған факторлардың ең баслысына қолайлы тәбийий–эконикалық шараятларды дүзиў принциплериде киреди. Бул жәмийеттиң өсип атырған талапларына сәйкес хожалық тараўлары арасындағы өндирислик байланысларды беккемлеў аўыллық макан жайлар көлеминде социал-экономикалық өсиў пәтин күшейтиў жолы менен ҳәм артта қалған аймақлардың шараятына теңлестириў тийкарында иске асырылыўы мүмкин.

Халық хожалығын раўажландырыў мийнет ресурсларының қурамында квалификациялы кадрларды таярлаў ҳәм өндирис процессинде интеллектуал ресурслардың хызметлер санын көбейтиўге де байланыслы. Усыган сәйкес санын санаат кәрханаларында сменалы жумыс ислеў ритми артады, жаңа жумыс орнын көбейтиўге арналған режелер, бәрининде бурын Қарақалпақстан халқының материаллық абаданлығын жоқарылатыўға қаратылған илажлар турмыста өз орнын ийелейтуғын болады.

Солай етип, XXI әсир босағында президентимиз И.А.Каримов тәрепинен ислеп шығылған регионналық экономикалық стратегияның ең баслы бағдары есабында экономикалық реформаларды тереңлестириў ҳәм либерализациялаўға қаратылған илажлар өз орыны ийелейди. Бул бай тәбийий экономикалық ресурслар тийкарында өзлестириў (меншиклестририў) процесин тереңлестириўге ҳәм шет ел инвестицияларын халық хожалығы тараўларында пайдаланыў ушын қолайлы шараятлар жаратыўға, экономикамыздың экспортлық потенциалын беккемлеўге ҳәм мақсетке муўапық аймақлық структуралық жаңаланыўды бирме-бир иске асырыўға жол ашады.

Жақын жыллар ишинде Қарақалпақстанлда реформаларды тереңлестириў ҳәм экономикалық механизмлерди тереңлестириў ҳәм экономикалық механизмлерди либерлизациялаў базар қатнасықларына өтиў жолы менен иске асырылады. Бул көрсетилген махсетлерге ерисиў, экономикалық реформаларды тезлетиў ҳәм базар қатнасықларын тереңлестириў арқалы қуўатлы өндирислик потенциалды дүзиўге, бәриненде бурын қолайлы макроэкономикалық шараятларды дүзиў жолы менен регионның турақлы социал-экономикалық раўажланыўына база жаратады. Бул илажлар ақырғы есапта тек Қарақалпақстан Республикасына байланыслы елимиздиң индустриал бағдардағы раўажланыўын тәмийнлеў менен шекленип қалмастан, ал ол барлық арқа батыс Өзбекстан көлеминде биртутас территориаллық өндирислик комплекслердиң дүзилиўине ҳәм бәриненде бурын Өзбекстан Республикасының Европа еллерине шығатуғын босағасында жаңа индустриал бағдардағы Қарақалпакстан экономикалық өсип қәлиплесиўине жол ашады.

# IV БАП. АЎЫЛЛЫҚ ОРЫНЛАРДА СОЦИАЛЛЫҚ ИНФРАСТРУКТУРАНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

Халықтың турмыс жағдайын жақсылаўда оның жасаў ҳәм мийнет ислеў, билим ҳәм дем алыў шараятлары, саламатлық жағдайы үлкен әҳмийетке ийе. Булар, өз нәўбетинде аймақлардың заманагөй инфраструктуралық потенциалы менен туўрыдан-туўры байланысқан. Инфраструктура материаллық өндирис процессиниң турақлы кешиўин ҳәмде халықтың күнделик турмысын тәмийинлеўге хызмет қылыўшы шәрт-шараятларды өзинда топлаған болады. Әсиресе, оның социаллық инфраструктура буўыны халықтың күнделикли турмыс шараятлары менен туўрыдан-туўры байланыслы болып, өз қурамына билимлендириў, ден саўлықты сақлаў системасы кәрханаларын, халыққа хызмет көрсетиўди қамтыйды. Бүгинги күнде олардың раўажланыўын регионаллық изертлеў, әсиресе, аўыллардың инфраструктуралық потенциалын үйрениў әҳмийетли мәселе есапланады.

## IV.1. Аўыллық орынлардағы билимлендириў системасының аймақлық дүзилиси ҳәм раўажланыў дәрежеси

Өзбекстан Республикасы үзликсиз билимлендириў системасы өз ишине: мектепке шекемги билимлендириў; улыўма орта; орта арнаўлы, кәсип-өнер билимлендириўи; жоқары билимлендириў; жоқары билимлендириўден кейинги билимлендириў; кадрлар таярлаў ҳәм қанийгелигин асырыў уқсаған буўынларды қамтыйды. Олар арасында социаллық әҳмийетли, кәрханалар санының көплиги ҳәм аймақлық қамтыўының кеңлигине қарай улыўма орта билимлендириў өз алдына орын тутады.

Мәмлекетлик статистика комитети мағлыўматлары бойынша Қарақалпақстан республикасы бойынша жәми күндизги улыўма билимлендириў мектеплери 2010/2011 оқыў жылында 754 ти қурап, олардың көпшилиги, яғный 513 и (68,0 процент) аўылларға туўры келеди. Соңғы жылларда күндизги улыўма билимлендириў мектеплери саны бираз турақлылыққа ийе болғанлығына қарамай, олардағы оқыўшылар саны соңғы жылларда бираз кемейген (33% ке). Бул дәўирде мектеп оқытыўшыларының саны артқан.

13-кесте

**Күндизги улыўма билим бериў мектеплери**

(оқыў жылы басына)

| | 2000/2001 | 2001/2002 | 2002/2003 | 2003/2004 | 2004/2005 | 2005/2006 | 2006/2007 | 2007/2008 | 2008/2009 | 2009/2010 | 2010/2011 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | |
| **Күндизги улыўма билим бериў мектеплери-жәми** | **763** | **764** | **764** | **764** | **764** | **760** | **761** | **754** | **752** | **754** | **754** |
| соннан: | | | | | | | | | | | |
| қалаларда | 146 | 148 | 148 | 155 | 155 | 156 | 158 | 157 | 192 | 241 | 241 |
| аўыллық орынларда | 617 | 616 | 616 | 609 | 609 | 604 | 603 | 597 | 560 | 513 | 513 |

***КестеҚР статистикабасқармасы мағлыўматлары тийкарында дүзилди.***

Күндизги улыўма билимлендириў мектеплери өз қурамына басланғыш, толық емес орта ҳәм орта (сондай-ақ, гимназия, лицей) мектеплерди алады. Олар арасында көпшиликти орта (59,8%) ҳәм толық емес орта мектеплер (38,1%) қурайды. Басланғыш мектеплер саны болса 1 % ке де жетпейди. Тап усындай жағдай мәмлекеттиң аўыллардағы күндизги улыўма билимлендириў мектеплеринде де көзге тасланады. Аўыл мектеплериндеги оқыўшылардың 71,5%и орта, 28,1%и болса толық емес орта мектеплерде топланған.

Улыўма билимлендириў мектеплери тек ҳәр қыйлы раўажланыў көрсеткишлерине, ал аймақлық бөлистирилиўи менен де өзине тән өзгешеликлерге ийе. Булар әсиресе аўыл мектеплеринде анық көзге тасланади. Себеби, аўылларда билимлендириў тараўларының аймақлық қурамына, ең алды менен, сол орынлардың демографиялық потенциалы, халықтың жайласыў системаларының раўажланғанлығы үлкен тәсир көрсетеди. Аўыллар торы ҳәм олардың үлкен-кишкенелиги менен улыўма билимлендириў мектеплериниң жайласыўындағы өзаро байланыслылық аўылларда анық көринеди.

Елдиң социал раўажланыў дәрежесин сыпатлаўда билимлендириў тараўларының роли үлкен әҳмийетке ийе. Бул тараўға кадрлар таярлаўдың оқыў орынлары, мектеплер, мектепке шекемги мекемелер, балалар үйлери ҳәм мектептен тысқары тәлим-тәрбия беретуғын мекемелер киреди. Сонлықтан аты аталған тараўлардағы жумыстың нәтийжели шешимлери ҳәм табыслы болыўы елдеги жас әўладлардың тәлим-тәрбия алыў мүмкиншиликлерине ҳәм билимлендириў тараўларының раўажланыў дәрежесине тиккелей байланыслы. 2010-жылғы мағлыўмат бойынша, Қарақалпақстан республикасында 754 орта билим бериў мектеплери, 10 академиялық лицейлер, 91 кәсип-

өнер коллежлери ҳәм 2 жоқары оқыў орны, 4 жоқары оқыў орны филиаллары жумыс ислемекте. Олардан 255,1 мың оқыўшы мектеплерде, ал 91,4 мың орта арнаўлы билимлендириў оқыў орынларында, 16,9 мың студент жоқары оқыў орынларында оқып, билим ҳәм тәлим-тәрбия алып атыр.

Республика аймағында мектепке шекемги жас өспиримлерге тәлим-тәрбия беретуғын 332 мекеме, соннан аўыллық орынларда 145 си жумыс ислейди, оларда 30,4 мыңнан аслам, соннан аўыллық орынларда 10,3 мың балалар тәрбияланып атыр.

Деген менен буннан барлық республика аймағындағы жас өспиримлер оқыўға шекемги тәрбия беретуғын орынлар менен толық тәмийинленди деген түсиник келип шықпайды, ал биринши сменада оқыйтуғын оқыўшылардың саны 169,8 мың адамды қурайды. Солай етип, мектеплерде биринши сменада оқыйтуғын оқыўшылардың үлеси 66,8%-и ғана тәмийинленген. Бул алдағы келешекте республика аймағында орта билим беретуғын мектеплердиң санын әдеўир көбейтиўди талап етеди. Ҳәзир республика аймағында жоқары оқыў орынларында 60 қа жақын маманлық бойынша қәнийгелер таярланбақта. Бул Өзбекстан бойынша орташа көрсеткиштен 3% ке жоқары келмекте. Билим бериўдиң жаңа формалары-лицейлер, колледжлер, гимназиялардың саны артты. Билим бериўдиң екинши басқышы бакалаврлар, үшинши басқышы магистратуралар дүзилип, усылардың есабынан республикада оқып билим алатуғын жаслардың саны айтарлықтай көбейди.

Қарақалпақстан халқының қала ҳәм аўыллар арасында дерлик тең бөлингени менен мектеплердиң үлкен бөлиминиң (66,8 процент, 2010 ж.) аўылларда толанғанлығы, аўыл халқы санының салыстырмалы тез өсиўи, жәми халық қурамында мектеп жасындағылар салмағының үлкенлиги, өз нәўбетинде, бул орынларда мектеплердиң үлкен бөлимин қураўына тийкар жаратқан.

Республика бойынша улыўма билимлендириў мектеплери саны 2000/2001-2010/2011 оқыў жылларында турақлы жағдайда болыўынаа қарамай, олардағы оқыўшылар саны 67,1 % ке қысқарған. Бул соңғы дәўирлерде туўылыў дәрежесиниң пәсейип барыўы, мектеп жасындағы балалар санының қысқарыўы менен байланыслы.

Көрилип атырған дәўирде улыўма билимлендириў мектеплер саны Қарақалпақстан Республикасында сезилерли дәрежеде кемейген ҳалда, мектеп оқыўшыларының санының қысқарыўы барлық районларда бақланады. Соннан, 2000/2001-2010/2011 оқыў жыллары даўамында Қарақалпақстан Республикасы мектеп оқыўшылары саны 386,1 мыңнан 254,4 мың адамға ямаса 66,0%ға қысқарған. Улыўма билимлендириў мектеплериндеги оқыўшы орынлары саны менен бар оқыўшылар санының сай келмеслиги көпшилик жағдайларда

билимлендириў процессиниң көп сменалы болыўына себеп болады. Булар билимлендириў сапасына да өз тәсирин көрсетпей қалмайды.

Республикадағы барлық улыўма билимлендириў мектеплеринде оқыў тийкарынан 1 ҳәм 2 сменада шөлкемлестирилген. Жәми мектеплердиң 66,7 %де билимлендириў процесси 2 сменада, 33,0 %де болса бир сменада алып барылады. Соның менен бирге, 1,0% ке жақын мектепте оқытыў 3 сменада болып, олардың тийкарғы бөлими аўылларда жайласқан.

Изертлеўлердиң көрсетиўинше, ҳәр қыйлы тәбийий-климатлық, демографиялық, социал-экономикалық потенциалға ҳәм раўажланыў өзгешеликлерине ийе болған ўәлаятларда улыўма билимлендириў системасының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы өзине тән өзгешеликлерге ийе.

Бизге мәлим болғанындай билимлендириўдиң сапасына сменалы оқытыўдың жағдайы, класстағы орташа оқыўшылар саны да тәсир көрсетеди. Статистикалық мағлыўматлардың анализиниң көрсетиўинше, ҳәтте қалаларда да көп сменалы мектеплер бар.

## IV.2. Аўыллық орынлардағы ден саўлықты сақлаў системасы географиясы

Халықтың ден-саўлығын қорғаў ҳәм аўыллардың социал-экономикалық раўажланыўында ден саўлықты сақлаў системасы да үлкен әҳмийетке ийе. Бул система өзиниң ишки дүзилисине қарай көп тармақлылығы, қурамалылығы, кәрханалар санының көплиги менен өз алдына ажыралып турады.

Ден саўлықты сақлаў системасы төмендеги медициналық кәрханалар торын өз ишине алады: емлеў ҳәм амбулатория-поликлиника, медициналық тез жәрдем, аналық ҳәм балалықты қорғаў кәрханалары, санитария-эпидемиология хызмети ҳәм басқалар. Бул кәрханалардың жайласыўына аймақтың демографиялық сыйымлылығы, халықтың жайласыў системалары ҳәм тәбийий-географиялық, климатлық шараятлар, өндиристиң характери, транспорт ҳәм нозогеографиялық жағдайы өз тәсирин көрсетеди. Бунда, ең алды менен аймақ халқының саны ҳәм қурамы, қайта пайда болыўы, елатлы пунктлер торы, халықтың кеселлениў көрсеткишлери жетекши рол ойнайды.

Ҳәзирги дәўирде республика көлеминде әсиресе аўылларда халықтың медициналық хызметлерге болған талабын қандырылыўында аймақлық парқларды анықлаў, ден саўлықты сақлаў системасының аймақлық шөлкемлестирилиўи ҳәм раўажланыўының географиялық машқалаларын үйрениў үлкен илмий-әмелий әҳмийетке ийе.

Өзбекстан ғәрезсизлигиниң дәслепки жылларыннан баслап республика ҳүкимети тәрепинен алып барылып атырған социаллық сиясатта халықтың саламатлығын қорғаў,

ден саўлықты сақлаў системасын үйрениў, халыққа медициналық хызмет көрсетиўди жетилистириў ҳәм оның турмыс дәрежесин көтериўге үлкен итибар аўдарылмақта.

Мәмлекетте ден саўлықты сақлаўға ажыратылып атырған барлық қәрежетлер жалпы миллий өнимниң 3,3 процентин қурап, оның бурынғы жылларға салыстырмалы өсип барғанлығын атап өтиў керек. Бирақ соған қарамастан, халыққа көрсетилип атырған жәми хызметлер көлеминде медициналық хызметлер салмағын жоқары деп болмайды. 2010-жылда республика бойынша халыққа пуллы хызметлер көрсетиў көлеминиң 2,5 %и медициналық хызметлер үлесине туўры келген. Бул көрсеткиш санатория-курорт, физкультура ҳәм спортта, сәйкес түрде, 0,5 ҳәм 0,3 % ке тең.

Халыққа медициналық хызмет көрсетиўде оның еки буўыны: емлеў-профилактика, амбулатория-поликлиника хызмети тийкарғы рол ойнайды. Олардың биринширинде медициналық хызмет көрсетиў турақлы (стационар) формада, екиншисинда болса қатнап (турақлы болмаған) даўаланыў формасында әмелге асырылады.

Ден саўлықты сақлаў системасы регионлар көлеминде көбирек аймақлық дәрежеси бойынша ажыралып турады. Бундай өзгешеликлер, ең алды менен аўылларда көзге анық тасланады. Аўыл районларда заманагөй ден саўлықты сақлаў системасы басқышлы шөлкемлескен системаға ийе. Бул жағдайда медициналық кәрханалар функционал тәрептен пәстен жоқарыға қарай иерархиялы тәризде жайласқан, яғный медициналық пунктлер фелдшерлик акушерлик пункти, аўыл врачлық пункти, аўыллық участка кеселханасы, орайлық район кеселханасы формасындағы аймақлық системаны қурайды. Ҳәр бир басқышқа тийисли медициналық кәрхана халықтың жайласыўының дәрежеси менен сәйкес келиўи зәрүр. Жоқарыдағылар менен бирге, аўыллық медициналық хызмет системасы жуқпалы кеселликлер шыпаханасын, туберкулезге қарсы диспансерлер, үлкенлер ҳәм балалар поликликалары, стомполиклиникалар ҳәм басқа медициналық кәрханаларды да өз ишине алады.

Аўылларда халықтың медициналық хызметлерге болған талапларын қанаатландырыўда районлық орайлық кеселханалар үлкен әҳмийетке ийе. Бундай кәрханалар ҳәр бир аўыллық районда биреўден жайласқан болып, олардың саны бүгинги күнде 14 ды қурайды. Районның орайлық кеселханалары тек ғана кең көлемли медициналық хызмет көрсетип қоймай, ал районның ден саўлықты сақлаў тараўы жумысларн муўапықластырыў ҳәм басқарыў ўазыйпасын да атқарады.

Районлық кеселханалардың тийкарғы бөлими аўыл районларының административлик орайларында ҳәм район көлеминде орайлық орынды ийеллеген, транспорт орны қолай елатлы пунктлерде жайласқан. Аўылларда халыққа турақлы

медициналық хызмет көрсетиўде участка кеселханалары да өз алдына орын ийелейди. Олардың искерлиги участка принципине байланыслы шөлкемлестирилип, ең алды менен шетки аймақлар халқының талапларын қанаатландырыўға хызмет етеди.

Халыққа медициналық хызмет көрсетиўде емлеў профилактика кәрханалары үлкен әҳмийетке ийе. Олардың тийкарғы бөлимин турақлы емлеў орынлары – кеселханалар қурайды. 2010 жылғы мағлыўматларға қарағанда, республика бойынша 301 орын болған.

Соңғы жылларда республика кеселханаларында кеселлер орынлары санының кемейиўи бақланады. Республика көлеминде ҳәр 10 мың халықты кеселлер орынлары менен тәмийинлениўи 51,3 койкаға тең. 14 – кестеден ҚР ден саўлықты сақлаў тараўының тийкарғы көрсеткишлерин көриўге болады.

**14-кесте**

**ҚР ден саўлықты сақлаў тараўының тийкарғы көрсеткишлери**
(жыл ақырына)

| | *2000* | *2001* | *2002* | *2003* | *2004* | *2005* | *2006* | *2007* | *2008* | *2009* | *2010* |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Барлық қәнийгеликлер бойынша шыпакерлер саны, мың адам | 4,4 | 4,4 | 4,4 | 4,4 | 4,0 | 3,9 | 3.8 | 4,0 | 3,8 | 3,8 | 3,6 |
| Орта медецина хызметкерлери саны, мың адам | 16,1 | 16,6 | 16,6 | 16,6 | 16,0 | 16,0 | 16,0 | 16,0 | 16.8 | 16.7 | 15.9 |
| Емлеўханалар саны | 88 | 87 | 85 | 82 | 78 | 75 | 73 | 62 | 53 | 52 | 51 |
| Емлеўханалардағы орынлар саны [x)] | | | | | | | | | | | |
| Мың бирлик | 7.2 | 7.3 | 9.1 | 9.3 | 9.3 | 9.4 | 9.3 | 8.6 | 8.7 | 8.7 | 8.6 |
| ҳәр 10000 адамға | 47.2 | 47.4 | 58.6 | 59.6 | 59.2 | 59.6 | 58.8 | 54.2 | 53,5 | 53.1 | 52.3 |
| Халыққа амбулатория-поликлиника жәрдемин көрсетиўши емлеў мекемелери саны | 317 | 332 | 345 | 332 | 332 | 313 | 292 | 313 | 308 | 298 | 301 |
| Амбулатория-поликлиника мекемелериниң қуўатлылығы, бир сменеда мың адам | 23.5 | 24.0 | 24.8 | 23.6 | 22.8 | 22.0 | 22.4 | 23.3 | 22.7 | 22.9 | 23.1 |
| Диспансерлар саны | 22 | 20 | 19 | 21 | 20 | 20 | 20 | 20 | 15 | 16 | 16 |
| Ғәрезсиз ҳәм басқада мекемелер қурамына кириўши ҳаяллар консултациялары саны | 148 | 149 | 149 | 147 | 161 | 157 | 156 | 177 | 177 | 216 | 223 |

| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ҳәмиледар ҳәм туўатыўғын ҳаяллар ушын орынлар саны мың койка | 1338 | 134 0 | 1349 | 133 6 | 945 | 901 | 811 | 702 | 693 | 693 | 693 |
| 10000 ҳаялға (15-49 жас) туўра келетуғын орын | 34.0 | 32. 6 | 32.8 | 32. 1 | 22. 7 | 20.9 | 18. 7 | 15. 6 | 15.2 | 15.0 | 14.8 |
| Ғәрезсиз ҳәм басқада мекемелер қурамына кириўши балалар поликлиникалары саны | 168 | 178 | 149 | 190 | 204 | 216 | 218 | 230 | 240 | 247 | 247 |

*(1)Күндизги стационарлардағы кеселлер орынлары саны есапқа алынбаған.*

*Дерек:ҚР статистика басқармасы мағлыўматлары*

Республикамыздың халқы ҳәм туўылыўшылығының үлкен бөлими топланған аўылларда ҳәмледар ҳәм туўыў жасындағы ҳаяллар саламатлығын қорғаўда фелдшерлик-акушерлик пунктлерининң (ФАП, 2007 жылдан баслап аўыллық врачлық пунктлери филиаллары) роли үлкен.

Халық арасында туберкулез, тери кеселликлери, руўҳый, наркологик ҳәм басқа соған уқсас кеселликлерди анықлаў ҳәм емлеўде диспансерлердиң әҳмийети үлкен. Республика бойынша бундай медициналық кәрханалардың саны 7 ды қурайды. Соннан турақлы емлеўге қаратылған дипансерлер 5. Аўыл районларының көпшилигинде туберкулезге қарсы диспансерлер жайласқан. Ден саўлықты сақлаў системасын маман медициналық кадрларсыз көз алдымызға келтире алмаймыз. Жоқары маман медициналық кадрлар таярлаў пайтахт – Нөкис қаласында жолға қойылған.

## IV.3. Аўыллық орынларда инфраструктура тармақларының аймақлық шөлкемлестирилиўи

Өзбекстанда ғәрезсизлик жылларында аўыллық орынлардың социаллық раўажланыўы, аўыл халқының турмыс дәрежесин арттырыў, оның жасаў шараятларын жақсылаўға болған итибар мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилди. Буны, ең алды менен, билимлендириў ҳәм ден саўлықты сақлаў системасын жақсы жолға қойыў, нәўқыран жас әўладты тарбиялаў, халыққа медициналық хызмет көрсетиў системасын жетилистириў ҳәм халықаралық талаплар дәрежесине көтериў, спортты раўажландырыў ҳәм басқалар мысалында анық көриў мүмкин. Бул ҳаққында, әсиресе, аўылларды раўажландырыўға, аўыл халқының турмыс шараятларын жақсылаўға, аўыл инфраструктурасын раўажландырыўға болған итибардың күшейгенлигин атап өтиў

лазым. 2009 жыл мәмлекет ҳүкимети тәрепинен “Ауылларды раўажландырыў ҳәм пәрәўанлығы жылы” деп аталыўы ҳәмде арнаўлы Мәмлекетлик бағдарламаның қабылланыўы аўыллардың инфраструктурасы, өндирис пөтенциалы, аўыл халқының турмыс дәрежеси ҳәм шараятлары маселелериниң қаншелли әҳмийетли екенлигин дәлиллеп береди.

Республика халқының социаллық раўажланыўында айырым өзине тән өзгешеликлер де көзге тасланады. Олар, регионлардың социаллық–экономикалық, экологиялық, демографиялық шараятлары, сондай-ақ, инфраструктура тармақлары менен тәмийинлениў дәрежеси уқсағанлар менен байланыслы. Булар, халықтың раўажланыўының социаллық машқалаларын регионлар, халықтың жайласыў системалары ҳәмде хожалық-аймақлық системалары бойынша анализлеў, социаллық тараўлардың аймақлық шөлкемлестиририлиўи ҳәм жеделлестириў машқалаларын анализлеўдиң әҳмийети үлкен.

Аўыл халқы қурамында жаслардың салмағының жоқарылығы, туўылыўдың салыстырмалы жоқары дәрежелерде сақланып қалғанлығы, сондай-ақ, мийнет потенциалының үлкенлиги, жумыссызлық ҳ.т.б., мәмлекет тәрепинен кешиктирип болмайтуғын илажларды ислеп шығыў ҳәм оны әмелге асырыўды талап етеди. Олар арасында, әсиресе халықтың бәнтлилик дәрежесин арттырыў, турмыс шараятларын жақсылаў әҳмийетли орынды тутады.

2010 жылда республика жәми халқының 38 %тен зыяты мийнет жасындағы халыққа, 35 %ке жақыны, яғный 580,8 мың адамнан артығырағы бант халық есабына туўры келген. Егерде республикамызда мийнет потенциалының үлкен бөлиминиң аўылларда толанғанлығын итибарға алсақ, бантлик машқаласы бул орынлар ушын үлкен әҳмийетке ийе екенлигин аңлаў қыйын емес.

Халықтың бәнтлиги ҳәм турмыс дәрежесиниң қандай болыўында хызмет көрсетиў системаларының раўажланғанлығы, аймақлардың социаллық ҳәмде өндирислик инфраструктурлары үлкен әҳмийетке ийе. Бунда, билимлендириў, ден саўлықты сақлаў, үй–жай коммунал хызметлер, халықтың таза ишимлик суўы, тәбийий газ, жол ҳ.т.б. менен тәмийинлениўин анализлеў керекли нәтийжелер береди.

Республика бойынша елатлы пунктлер ҳәм турақ жай фондының инфраструктура менен тәмийинлениўиниң ҳәзирги жағдайын анализлеў, водопровод суўы ҳәм канализация менен тәмийинлениў дәрежеси қалалардан қалаша ҳәм аўылларға барған сайын кемейип баратуғынлығын көрсетеди. Мысалы, 2009 жылда республикамыздың барлық қалалары водопровод суўы менен дерлик 96 % тәмийинленген болса, бул көрсеткиш қалашаларда 95,4 %ти, аўыллық елатлы пунктлерде болса 67,4 %ти қурады.

Елатлы пунктлардың водопровод суўы менен тәмийинлениўине салыстырғанда да канализация менен тәмийинлениў дәрежеси жүдә пәс. Ҳәтте, бул көрсеткиш республиканың қалаларында 35,0 %тен аспайды. Қалашаларда ол 10,1 %ти қурайды, аўылларда болса дерлик жоқ.

Аймақлар халқының турмыс шараятларының ҳәр қыйлылығына олардың үй-жай фонды менен тәмийинлениў жағдайына да өз тәсирин көрсетеди. Ҳәзирги ўақытта, аўыллардағы турақ жай фондының инфраструктуралар менен тәмийинлениў дәрежеси жүдә пәс.

Халықтың социаллық раўажланыўы барлық аймақларда бирдей емес. Нөкис районы, Хожели районының аўылларында демографиялық потенциал ҳәм халықтың тығызлығының жоқарылығы көзге тасланса, Мойнақ районында экологиялық жағдайдың кескинлесиўи, арқа районларда болса улыўма социал– экономикалық раўажланыўдың пәс екенлиги көринеди.

Жоқарыдағы машқалаларды аўыл районлары көлеминде үйрениў үлкен илимий-әмелий әҳмийетке ийе. Себеби, бул аймақлар ҳәр қыйлы тәбийий-географиялық, климатлық, жер-суў шараятларына, демографиялық, өндирислик потенциалға ийе. Аўыл районларыниң көпшилигиниң хожалық қәнигелесиў дәрежеси күшсиз, көпшилик жағдайларда бирлемши аўыл хожалығы шийки затларын ғана жеткерип береди. Оның үстине, ақырғы жылларда тез-тез бақланып атырған суў тамтарыслығы тек аўыл экономикасына ғана емес, ал бул орынларда жасаўшы халықтың турмыс шараятларына да өз кери тәсирин көрсете баслады. Бундай жағдайда ҳәр бир аўыл аймақларын раўажландырыўдың мақсетли бағдарламаларын ислеп шығыў талап етиледи. Бул болса, өз нәўбетинде, “Аўыл машқаласына” комплекс қатнаста болыўды ҳәм тийисли илимий изертлеўлерди әмелге асырыўды талап етеди.

Соңғы он жыллықларда Өзбекстанда халықтың социаллық турмысының аймақлық тәреплерин изертлеўге үлкен әҳмийет берилмекте. Бул ҳаққында, әсиресе мәмлекет билимлендириў ҳәм ден саўлықты сақлаў системасын әмелге асырыў, оны жетилистириў, спортты раўажландырыў, аўылларды социаллық раўажландырыў мәселелерин өз алдына үйренип шығыў керек.

Халықтың социаллық инфраструктура элементлери менен тәмийинлениўинде де айырым өзгешеликлерди көриў мүмкин. Республикамызда халықтың үй-жай менен тәмийинлениўи 1 адамға орташа 20,0 метр кв.ты қурап, бул көрсеткиш елатлы пунктлердиң тығызлығының артып барыўы менен оның артып барыўын белгилейди.

Қарақалпақстан Республикасында ауыллық орынлардың орташа аралиқ қашықлығы 11,8 км ге ҳәм олардың ҳәр 100 км$^2$ га  туўры келиўши тығызлығы 0,7 ге тең. Анализлердиң көрсетиўинше, елатлардың тығызлығының артып барыўы менен ҳәр 100 кв. км қа  туўры келиўши елатлы пунктлердиң саны да артып барады ҳәм керсинше, тығызлық пәс аймақларда елатлы пунктлердиң орташа аралық қашықлығы артып барады. Булар социаллық инфраструктураның аймақлық шөлкемлестирилиўине тәсир көрсетеди. Елатлар географиясының бундай өзгешеликлери “Ауыл” бағдарламаларын әмелге асырыўда итибарға алыныўы керек.

## ЖУЎМАҚ

Ауыллар қалаларға қарағанда тәбийий шараяты бираз “сезгир”, олардың пайда болыўы ҳәм раўажланыўы жер бети дүзилиси, орынның агроклиматлық ресурсларға, ҳәм басқа да тәбийий географиялық компонентлерга байланыслы болады. Бул шараятлар ауыл хожалығының тараўлық қурамы ҳәм қәнигелесиўин, аймақлық шөлкемлестирилиўин белгилеп береди, олар өз нәўбетинде, ауыллар торы ҳәм түри, жайласыўына тәсир көрсетеди.

Әлбетте, ауыллардың раўажланыўы ҳәм абаданлығы, ең алды менен олардың экономикалық негизи, яғный агроэкономикасы системасындағы реформаларға, фермер ҳәм дийхан хожалықларының искерлигине, киши бизнес, миллий өнерментшилик уқсаған тараўлардың раўажланыўына тийкарланады. Экономика тараўлары қатарында өндирис ҳәм социаллық инфраструктура, әсиресе, транспорт, халыққа хызмет көрсетиў (саўда, билимлендириў, ден саўлықты сақлаў ҳ.т.б.) ҳәм сервис тараўының раўажланып барыўы, ауыллық орынларға санааттың  алып келиниўи, инвестиция орталығының жақсыланыўы, халықтың бәнтлиги ҳәм оның турмыс шараятын көтериўге  хызмет қылады.

Мәмлекетимиздиң ауыллық орынларында эко- ҳәм агротуризмди раўажландырыў имканиятлары да аз емес. Ҳәр қыйлы аймақларда жайласқан үңгир ҳәм булоқлар, зыярат орынлары, ески архитектуралық естеликлер (қалдық ауыллар, “төбелер“), әсиресе, ажайып ҳәм ҳәр қыйлы тәбийий ландшафтлар жергиликли ҳәм халықаралық туризмди, рекреация тараўын кең көлемде раўажландырыўға қолайлы шараят жаратады.

"Ауыл" бағдарламасын әмелге асырыўда 966 ауыллық елатлы пунктке қалаша статусы берилди. Нәтийжеде, урбанизация көрсеткиши 35,8 проценттен 51,7 процентке көтерилди, айырым ўәлаятларда ол жүдә жоқары дәрежеге көтериўине алып келди (мысалы, Наманган ўәлаятында 64,7 %). Бирақ, бундай регионлардың улыўмалық социаллық-экономикалық раўажланыў жағдайы олардың урбанизация көрсеткишине сәйкес келмейди ҳәм оны реал сәўлелендирмейди. Лекин, аўыллар есабынан қалашалар (агроқалашалар) торының кескин көбейиўин белгили мағанада өзине тән "исеним ушын берилган кредит" формасында қабыл қылыў туўрырақ болады. Себеби, көпшилик жаңа қалашалар ҳәзирги қаласазлық критерияларына толық жуўап бермейди. Соның ушын да бундай аўыл-қалаларды ҳәр тәреплеме анализлеп, олардың биринши нәўбетте раўажландырылыўы лазым болған топарларын ажыратып алыў талап етиледи.

Халқы 2000 мың адамдан зыят болған аўыллардың дерлик барлығын қалашаларға айландырылыўы менен үлкен (3000-5000 адам) ҳәм ири (5000 адам ҳәм оннан көп) аўыллар саны республикада кескин қысқарды. Нәтийжеде, ҳәзирги аўыллық елатлы пунктлкер "майдаласты". Бул аўыллық орынлардағы социал-экономикалық машқалаларды және де артыўына алып келеди.

Қала ҳәм аўыл бул өзине тән геожуплық; қала өзиниң жоқары инновация, инфраструктура, инвестиция және экономикалық қүдиретине тийкарланған жағдайда аўыллық орынларды ҳәм улыўма мәмлекетти басқарады. Ҳәр қандай жаналық усы орайлардан диффузия формасында тарқалады, аўыллар болса қалаларды аўыл хожалық өнимлери, жумысшы күши, таза ҳаўа, суў ҳәм басқа бийбаҳа ресурслар менен тәмийнлейди, миллий үрип-әдетлеримиздиң сақланыўына жәрдем береди. Солай екен, қала ҳәм аўыллар халықты ҳәм хожалықты аймақлық шөлкемлестириўдиң бирден-бир системасы шегарасында раўажланып барады ҳәм бул бағытта олар бир-бирин талап етеди, толтырады.

## O’mir qa’wipsizligi

O’zbekstan Respublikası Joqarı ha’m orta arnawlı bilim minisitrligi, puqaralıq qorg’anıwdın’ baslıg’ı A.Parpievtin’ 28.10.2008 j. №318 sanli buyrıg’ı ha’m universitet İlimiy Ken’esi (12.11.2008 j, №2 is qag’azı) qararı tiykarında tayarlang’an universitet rektoratı buyrıg’ına (13.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanıp «O’mir qa’wipsizligi» pa’nin barlıq ta’lim bag’darları boyınsha talabalarg’a oqıw protsessinde u’yretiw ushın, magistr dissertatsiyasın ha’m bakalavr qa’nigelik pitkeriw jumısın orınlawda pa’nnin’ huqıqıy tiykarları kirgizildi.

“Ja’miyette puxaralardın’ huqıqları ha’m erkinliklerin qorg’aw ta’miyinlengende ol haqıqıy, huqıqıy puxaralıq ja’miyet boladı. Ha’r bir adam o’z huqıqların anıq biliwi olardan paydalana alıwı, o’z huqıqı ha’m erkinliklerin qorg’ay alıwı lazım. Bunın’ ushın da’slep ma’mleketimiz xalqının’ huqıqıy ma’deniyatın asırıw za’ru’r” (Karimov. O’zbekstan XXI a’sirge umtılmaqta, 31-b).

XX a’sirdin’ 60–jıllarınan baslap is ju’rgizip kelgen puxaralıq qorg’anıw sistemasının’ tiykarg’ı wazıypası tınıshlıq da’wirinde ha’m urıs jag’dayında ma’m- leket xalqın jalpı qırg’ın quralları ha’m basqa xu’jim qurallarınan qorg’aw, urıs jag’dayında xalıq xojalıg’ı obektlerinin’ turaqlı islewin ta’miyinlew ha’mde apatshılıq oshaqlarında qutqarıw ha’m tiklew jumısların o’z waqtında na’tiyjeli a’melge asırıwdan ibarat edi.

Biraq xalıq o’mirine tek jalpı qırg’ın quralları emes, ba’lkim basqa qa’wip–qa’terlerde qa’wip salmaqta, olardı na’zerden shette qaldırıw hasla mu’mkin emes. Bular ta’biyiy, texnogen ha’m ekologiyalıq qa’siyetli ayrıqsha jag’daylar bolıp tabıladı.

90–jıllarg’a kelip yadro urısı qa’wipi kemeyip, biologiyalıq qurallardan paydalanıw sheklep qoyıldı, jan’a – zamanago’y qural tu’rleri oylap tabıldı, olar adamlar ushın qa’wipli bolmay, ba’lki ekonomikalıq obektlerdi isten shıg’arıwg’a qaratılg’an edi. Bulardın’ barlıg’ı puqaralıq qorg’anıw sisteması ornında jan’a bir sistema du’ziliw kerekligin da’llilep berdi.

Puqaralıq qorg’anıw ornın iyelewi mu’mkin bolg’an iri ko’lemdegi ayrıqsha jag’daylarg’a a’welden tayarlıqtı ta’miyinlewshi jan’a arnawlı ma’mleket sisteması iyelewi, ol tınıshlıq ha’mde urıs da’wirinde xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’awı lazım edi. Bul sistema xalıqtı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw ha’m qutqarıw jumısların o’tkerip qoymay, basqa a’hmiyetli ilajlardı: ta’biyiy apatlardan qa’wipli aymaqlar kartaların du’ziw, seysmikalıq bekkem bina ha’m imaratlardı qurıw, qısqa, orta ha’m uzaq mu’ddetli boljaw jumısların sho’lkemlestiriwi ha’m xalıq tayarlıg’ın a’melge asırıwı lazım edi.

Usı orında ja’ne bir ma’seleni aydınlastırıp alıwg’a tuwra keledi. Ayrıqsha jag’day degen ne, onnan xalıqtı ha’m aymaqlardı qorg’aw degende neni na’zerde tutıwımız kerek?

Ayrıqsha jag’day – adamlar qurban bolıwı, olardın’ den sawlıg’ı yaki qorshag’an ortalıqqa zıyan tiyiwi, materiallıq shıg’ınlar keltirip shıg’ılıwı ha’mde adamlardın’ turmıs sharayatının’ izden shıg’ıwına alıp keliwi mu’mkin bolg’an yaki alıp kelgen avariya, apatshılıq, qa’wipli ta’biyg’ıy ha’diyse yaki basqa ta’biyiy apatshılıq na’tiyjesinde belgili bir aymaqta ju’zege kelgen jag’day.

**Xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw** – ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw ha’m olardı saplastırıw ilajları, usılları, qurallar sisteması, ha’reketler birlesigi.

**Ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw** – aldın ala o’tkerilip, ayrıqsha jag’daylar ju’z beriwi qa’wipin mu’mkinshiligi bolg’ansha kemeytiwge, bunday jag’daylar ju’z bergen ta’g’dirde bolsa adamlar den sawlıg’ın saqlaw, qorshag’an ta’biyiy ortalıqqa tiyetug’ın zıyan ha’m materiallıq shıg’ınlar mug’darın kemeytiwge qaratılg’an ilajlar kompleksi.

**Ayrıqsha jag’daylardı saplastırıw** – ayrıqsha jag’daylar ju’z bergende o’tkerilip, adamlar o’miri ha’m den sawlıg’ın saqlaw, qorshag’an ta’biyiy ortalıqqa tiyetug’ın zıyan ha’m materiallıq shıg’ınlar mug’darın kemeytiwge, sonday – aq ayrıqsha jag’daylar ju’z bergen zonalardı shen’berge alıp, qa’wipli faktorlar ta’sirin toqtatıwg’a qaratılg’an avariya – qutqarıw jumısları ha’m basqa keshiktirip bolmaytug’ın basqa jumıslar kompleksi.

Xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında qoyılg'an en' tiykarg'ı jumıslardın' biri–da'slep Qorg'anıw ministrligi qasında puqaralıq qorg'anıw ha'm ayrıqsha jag'daylar basqarmasının', son' usı basqarma tiykarında **O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' 1996 jıl 4 marttag'ı PF–1378 Buyrıg'ı** menen Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' du'ziliwi boldı.

Ministrlik is ju'rgize baslag'annan son' xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawının' huqıqıy tiykarın du'ziwshi bir qatar nızam ha'm qararlar qabıl etildi.

***O'zbekstan Respublikası nızamları:***

**Xalıqtı ha'm aymaqlardı ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 5 bo'lim ha'm 27 statyadan ibarat. Nızam xalıqtı ha'm aymaqlardı ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawındag'ı sotsial mu'na'sibetlerdi ta'rtipke saladı ha'm ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi ha'm rawajlanıwının' aldın alıw, ayrıqsha jag'daylar keltiretug'ın shıg'ınlardı azaytıw ha'm ayrıqsha jag'daylardı saplastırıwdı maqset etip qoyadı.

**Puxaralıq qorg'anıw haqqında** (2000 jıl 26 may) – 4 bo'lim ha'm 23 statyadan ibarat. Usı nızam puxaralıq qorg'anıw tarawındag'ı tiykarg'ı wazıypalardı, olardı a'melge asırıwdın' huqıqıy tiykarların, ma'mleket organlarının', birlespe ha'm sho'lkemlerdin' wa'killiklerin, O'zbekstan Respublikası puxaralarının' huqıqları ha'm ma'jbu'riyatların, sonday – aq puxaralıq qorg'anıw ku'shleri ha'm quralların belgileydi.

**Adamnın' immunitet jetispewshiligi virusı menen keselleniwinin' aldın alıw haqqında** (1999 jıl 19 avgust) – 13 statya. Nızamda AİJS kesellliginin' aldın alıw tarawındag'ı ma'mleketlik ta'miyinlew, keselliktin' aldın alıw boyınsha jumıslardı qarjı menen ta'miyinlew, puxaralardın' ha'm ma'jbu'riyatlarına tiyisli ma'seleler ko'rsetilgen.

**Gidrotexnika inshaatlarının' qa'wipsizligi haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 15 statya. Usı nazımnın' maqseti gidrotexnika inshaatların joybarlastırıw, qurıw, paydalanıwg'a tapsırıw, olardan paydalanıw, olardı rekonstruktsiya qılıw, tiklew, konservatsiyalaw ha'm tamamlawda qa'wipsizlikti ta'miyinlew boyınsha iskerligin a'melge asırıwda ju'zege keletug'ın mina'sibetlerdi ta'rtipke salıw bolıp tabıladı.

**Awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler ha'm jabayı ot - sho'plerden qorg'aw haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 28 statya. Usı nazımnın' maqseti awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler ha'm jabayı ot - sho'plerden qorg'awdı ta'miyinlew, o'simliklerdi qorg'aw qurallarının' adam den sawlıg'ına, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa zıyanlı ta'sirinin' aldın alıw menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Radiatsiyalıq qa'wipsizlik haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 5 bo'lim ha'm 28 statyadan ibarat. Nızamnın' maqseti radiatsiyalıq qa'wipsizlikti, puxaralar o'miri, den sawlıg'ı ha'm mal – mu'lki, sonday – aq, qorshag'an ortalıqtı ionlastırıwshı nurlanıwdın' zıyanlı ta'sirinen qorg'awdı ta'miyinlew menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Terrorizmge qarsı gu'res haqqında** (2000 jıl 15 dekabr) – 6 bo'lim ha'm 31 statyadan ibarat. Usı nızamnın' maqseti terrorizmge qarsı gu'res tarawındag'ı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat. Nızamnın' tiykarg'ı wazıypaları shaxs, ja'miyet ha'm ma'mlekettin' suverenitetin ha'm aymaqlıq pu'tinligin qorg'aw puxaralar tınıshlıg'ı ha'm milliy tatıwlıqtı saqlawdan ibarat.

**Qa'wipli islep shıg'arıw obektlerinin' sanaat qa'wipsizligi haqqında** (2006 jıl 28 sentyabr) – 23 statya. Nızamnın' maqseti qa'wipli islep shıg'arıw obektlarinin' sanaat qa'wipsizligi tarawındag'ı qa'tnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

***O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' qararı:***

**Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw ha'm jer ko'shkisi ha'diyseleri menen baylanıslı ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm olardın' aqıbetlerin toqtatıw barısındag'ı – ilajlar haqqında** (2007 jıl 19 fevral, PQ – 585 – sanlı). Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw ha'm jer

ko'shki ha'diyseleri menen baylanıslı jumıslardı o'z waqtında ha'm na'tiyjeli sho'lkemlestiriw, sonday–aq olardın' aqıbetlerin tezlik penen toqtatıw maqsetinde qabıl etilgen.

***O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' qararları:***

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' jumısın sho'lkemlestiriw ma'seleleri haqqında** (1996 jıl 11 aprel, 143 – sanlı). Qararg'a «O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar haqqında»g'ı Nızam qosımsha etilgen. Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' tiykarg'ı wazıypaları, huqıqları keltirilgen.

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw ha'm ha'reket etiw ma'mleketlik sisteması haqqında** (1997 jıl 23 dekabr, 558 - sanlı). Qarar menen O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw ha'm ha'reket etiw ma'mleketlik sisteması (AJMS) haqqındag'ı Nızam ha'm onın' du'zilisi tastıyıqlang'an, ministrlik ha'm idaralardın' xalıq ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw boyınsha funktsiyaları keltirilgen.

**O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'awg'a tayarlaw ta'rtibi haqqında** (1998 jıl 7 oktyabr 427 – sanlı). Qarar ma'mleket xalqın ha'm aymaqların ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde qabıl etilgen. Qararg'a qosımsha keltirilgen «Xalıqtı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında tayarlaw ta'rtibi haqqında»g'ı Nızam O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında, sonday – aq ayrıqsha jag'daylarda ha'reket etiwge tayarlıqtan o'tip atırg'an xalıq toparların tayarlawdın' tiykarg'ı wazıypaların, tu'rleri ha'm usılların belgileydi.

**Ta'biyiy, texnogen ha'm ekologiyalıq qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardın' sıpatlaması haqqında** (1998 jıl 27 oktyabr, 455 – sanlı). Qarar menen tastıyıqlang'an sıpatlamag'a muwapıq ayrıqsha jag'daylar ju'zege keliw sebeplerine ko're texnogen, ta'biyiy ha'm ekologiyalıq qa'siyetli, usı jag'daylarda zıyan kergen adamlar sanına, materiallıq zıyanlar mug'darına ha'm ko'lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha'm transsshegaralı tu'rlerge bo'linedi.

**O'zbekstan Respublikasında adamlar ha'm haywanlardın' qutırıw keselligine qarsı gu'resti ku'sheytiw ilajları haqqında** (1996 jıl 18 yanvar, 32 – sanlı). Adamlar ha'm haywanlardın' qutırıw keselligine qarsı gu'res ilajlarının' na'tiyjeligin asırıw, sonday – aq xalıq jasaw orınlarında iyt, pıshıq ha'm basqa u'y haywanların ta'rtipke salıw maqsetinde qabıl etilgen.

**G'alaba xalıqlıq ilajlardı o'tkeriw qag'ıydaların tastıyıqlaw haqqında** (2003 jıl 13 yanvar, 15 – sanlı). O'zbekstan Respublikası aymag'ında g'alaba xalıqlıq ilajlar o'tkeriliwi waqtında ja'ma'a't qa'wipsizligin ta'miyinlew ha'm ta'rtibin qorg'aw maqsetinde qabıl etilgen.

**Ayrıqsha jag'daylardı boljaw ha'm aldın alıw Ma'mleket da'stu'rin tastıyıqlaw haqqında** (2007 jıl 3 aprel, 71 – sanlı). Ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm aqıbetlerin saplastırıw tarawında alıp barılıp atırg'an jumıslar o'nimliligin asırıw maqsetinde qabıl etilgen.

Joqarıda ko'rsetilgen huqıqıy hu'jjetler tiykarında oqıw protsessinde talabalarg'a "O'mir qa'wipsizligi" pa'ninin' barlıq bag'darları boyınsha ken' ma'niste tu'sinikler berildi.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**


1. Каримов И.А. Елимизди модернизациялаў ҳәм күшли пуқаралық жәмийет қурыў - eң әҳмийетли мақсетимиз. Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянаты. 27-январь 2010-жыл
2. Асосий вазифамиз–ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир. 2009 йилнинг асосий якунлари ва 2010 йилда Ўзбекистонни ижтимоий-иқтисодий ривожлантиришнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси. 29-январь 2010 йил
3. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистан шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. - Т.: "Ўзбекистон", 2009.
4. Алексеев А.И. Многоликая деревня (население и территория). - М.: "Мысль", 1990.
5. Асанов Г.Р. Аҳоли географияси. – Т.: "Ўқитувчи", 1978.
6. Асанов Г.Р. Сельское расселение Наманганской области. - Т.: "Фан", 1975.
7. Бўриева М. Демография асослари. Ўқув қўлланма. - Т., 2001.
8. Ковалев С.А. Сельское расселение. (Географическое исследование). - М.: МГУ, 1963.
9. Махамадалиев Р.Й. Тошкент вилояти қишлоқларининг пойда бўлиши ва ривожланиши. Геогр. фан. номз. дисс. - Т., 1993.
10. Муҳамедов О. Аҳоли табиий ҳаракатининг худудий тафовутлари (Самарқанд вилояти мисолида). Геогр. фан. номз. дисс. - Т., 2007.
11. Назаров М.И. Территориальная организация медицинского обслуживания населения в сельской местности (на примере Наманганской области). Автореф. дисс. канд. геогр. наук. – Т., 1996.
12. Назаров М., Тожиева З. Ижтимоий география. Ўқув қўлланма. - Т., 2003.
13. Солиев А., Кадыров И. География населения и населенных пунктов Самаркандской области. - Самарканд, 1998.
14. Солиев А., Назаров М.И. Қишлоқ ўринлари географияси. Монография. - Т.,2009.
15. Сатторов А.У. Сурхандарё вилояти қишлоқ аҳоли манзилгоҳларининң ривожланиш ва жойлашиш хусусиятлари. Геогр. фан. номз. дисс. –Т., 2009.
16. Сафаров И. Народонаселение Сурхандарьинской области (демографический и географический анализ). Дисс. на соис. уч. ст. канд. геогр. наук. – Т., 1974.

17. Сельская местность: территориальные аспекты социально-экономического развития. - Уфа, 1985.

18. Современные село: пути развития. Вопросы географии. Сб. 132. - М.: “Мысль”, 1988.

19. Социально-демографическое развитие села. Региональный анализ. - М.: Статистика, 1980.

20. Стронгина М.Л. Социальное развитие села. Поселенческий аспект. - М.: Агропромиздат, 1986.

21. Тожиева З.Н. Иқтисодий ва демографик статистика. Ўқув қўлланма. - Т., 2002.

22. Қишлоқ жойлари демографияси. Проф. А.С.Солиев таҳрири остида. - Т., 2005.

23. Қишлоқ тараққиёти ва фаровонлиги. (Амалий қўлланма). - Т.: “Илм Зиё”, 2009.